ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ
МИНИСТРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК
ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Әбдисайыт Пахратдинов

Кеңесбай Алламбергенов

Шарапатдин Аяпов

# Б Ү Л Б И Л З И Б А Н
# У Л Л Ы  Ш А Й Ы Р

(«Әжиниязтаныў» арнаўлы курсы
бойынша методикалық қоллланба)

Нөкис – 2013

**Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Аяпов Ш.** Бүлбилзибан уллы шайыр (Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм дөретиўшилиги). – НМПИ киши баспаханасы, 2013. – 56 бет

*XIX ӘСИР ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ ЖАРҚЫН ЖУЛДЫЗЛАРЫНЫҢ БИРИ ӘЖИНИЯЗ ҚОСЫБАЙ УЛЫ КҮНЛЕРИ МҮНӘСИБЕТИНЕ БАҒЫШЛАНАДЫ.*

«… Маңа сөздин башқа игәм, ҳеш нәмәрсә берән йоқты» деп жазғанындай, Әжинияз шайыр өзиниң пүткил өмирин қарақалпақ көркем сөз әлемин зер нағышлар менен безеўге арнаған уллы дөретиўши тулға болып табылады. Сол ушын да оның «Бул дүньяның көрки-адам баласы» деген көз-қараслары бүгинги жасларымызға ақыл-ибрат, жоқары адамгершилик пазыйлетлеринен сабақ береди.

Сизге усынылып атырған бул мийнет «Әжиниязтаныў» арнаўлы курсы ушын оқыў қолланба болып, онда Әжинияздың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша жаңа пикирлер тийкарында шайыр-шахс дүньясы ҳәр тәреплеме ашып бериледи.

Қолланба Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Кеңесиниң 2013-жыл 19-марттағы № 8 баянламасы қарары менен баспаға усыныс етилди.

**Жуўаплы илимий редактор:** **Қошжанов Қ.М.**- НМПИ-Рус филологиясы кафедрасы профессоры

**Пикир билдиргенлер:** **Қурамбаев К.К.** – филология илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген илим ғайраткери

**Юсупов Қ.А** - Бердақ атындағы ҚМУ Әдебият теориясы ҳәм оқытыў методикасы кафедрасы баслығы, филология илимлериниң кандидаты, доцент.

# КИРИСИЎ

XIX әсирдеги қарақалпақ халқының билимдан ойшыл ҳәм талантлы шайыры Әжинияз Қосыбай улы (әдебий лақабы Зийўар), 1824-1878-ж) тек қарақалпақ халқының ғана емес, жәҳән әдебиятының ең жоқары көркем сөз шеберлеринен бири болып өткен инсан. Соның ушын да оның исми Орайлық Азия халықларында Наўайы, Физулий, Мақтумқулы, Абай усаған үлкен сөз шеберлериниң қатарында тилге алынады.

Әжинияз шайырдың пүтин өмири ҳәм творчествосы адамзаттың жарқын келешеги, илим, пән, мәдениият ҳәм әдебияттың раўажланыўы машқалаларына бағышланғанлығын көремиз. Бул жолға ол өзиниң бар талантын, билимин, творчестволық тәжирийбелерин ҳәм өмирин бағышлаған, заманында өзи де жүдә көп қымбатлы шығармалар дөреткен, заманлас шайырларына, өзинен кейингилериге де устазлық-шайыршылық жол қалдырған, миллий мәдениятымыз ушын гүрескен, көркем сөз шебери болып есапланады.

Әжинияз адам өмириниң, әсиресе, адамзат өмириниң қымбатлылығын түсинген, дүньядағы барлық жаратылыс адам ушын, олардың гөззаллығы адам менен қымбатлы, барлық жаратылыстың дереги адам деп түсинген шайыр. Сол ушын да ол шығармаларын «Бул дүньяның көрки-адам баласы» деген уран менен жаратды. Оның жазған шығармаларын заманында халық қандай сүйип оқыған болса, XXI әсирде, ғәрезсизлик дәўиримизде де бүгинги әўладлары қәдирлеп, жоқары баҳа берип, ҳүрметлеп оқып келмекте. Оның шығармалары тәлим-тәрбия мектеби болыўы менен бирге, дөретпелери ҳәзирги әўладларға руўхый күш, эстетикалық заўық бағышлайтуғын шығармаларға айланды. Әжинияз шайырдың дөретпелери бүгинги XXI әсирдеги жасап, творчестволық жақтан халқына хызмет етип атырған көркем өнер ийелери менен жазыўшы, шайырларға да сарқылмас йош илҳам бағышламақта.

## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫРДЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ӘДЕБИЙ МИЙРАСЫНЫҢ МИЛЛИЙ ӘДЕБИЯТТАҒЫ ТУТҚАН ОРНЫ

Әжинияз Қосыбай улының өмир жолы ҳәм әдебий және де мәдений мийрасы өз заманында түркий халықлар мәденияты тарийхында белгили дәрежеде салмақлы орынға ийе болды. Әжинияз шайыр XIX әсир даўамында елде, халықта қанша дөретиўшилик пәрўазға жеткен болса да, улыўма халықлық дәрежеде оның өмирин ҳәм әдебий мийрасын үйрениў шын мәнисинде XX әсирдиң 30-жылларына туўра келеди.

Әжинияз шайыр дөретиўшилигин миллий мийрас сыпатында елден жыйнаў ҳәм оны үйрениў мәселелери 1929-жыллардағы қарақалпақ халық миллий мийрасын жыйнаў ушын басланған тарийхый-этнографиялық, фольклорлық, әдебий ҳәм лингивистикалық экспедициялар дәўирлеринен басланады. Әсиресе Әжинияз шайыр дөретиўшилиги бойынша мағлыўматлардың көби 1930-жыллардағы экспедиция дәўирлеринде жыйналады. Бирақ, бул жылларда Әжинияз шайырдың өзиниң қол жазбалары елде, халықта жоқ есабы еди. Себеби, 1928-1930-жыллардағы ҳүким сүрген қызыл империя арнаўлы түрде халқымыздың руўхый байлығын жоқ етиўге бағдарланған репрессия сиясатын алып барған еди. Елимизде латын имласына өтиўге байланыслы барлық араб имласындағы жазылған китап ҳәм қол жазбаларды жоқ етиў сиясатын жүргизди![1]

Бул дәўирлерде халықтың барлық руўхый байлықларына тийисли мәдений мийраслар ишинде Әжинияз шайырдың да қол жазбалары жоқ болған еди. Бирақ, шайырдың жазба мийрасларын жоқ еткен менен оларды халық өзиниң руўхый дүньясы сыпатында сақлап қалды ҳәм шайырдың шығармаларын ел жүрегинен биротала суўырып таслай алмады. Себеби, олар елдиң-халықтың жанына, қанына, сиңисип, бақсы, жыраў, қыссаханлардың репертуарларынан кең орын алған, халықтың миллий мүлкине айланып

[1] «Қарақалпақстаннын жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем». «Қарақалпақстан».- Нөкис:- 2003, 5-бет.

кеткен сарқылмас байлық болып жасап турған миллий руўхый дүньясы, шын мәнисиндеги өмир еди.

Және де тоталитарлық замандағы арнаўлы экспедиция дәўирлеринде Әжинияз шайыр мийрасын жыйнаўда ҳәм үйрениўде шайырдың медресе питкериўи, елде оның билимдан, улама-ахун деп аталыўы да оның мийрасларын жыйнаўда бираз қыйыншылықларды туўдырды. Өйткени, бул дәўирлерде елден миллий  мийрасларды жыйнағанда мәмлекет тәрепинен үлкен талап-тапсырма берилип: тек пролетариат мәдениятын қурыўға жәрдем ететуғын материалларды  жыйнаў керек, деп қатты қадаған етилип, көрсетпе берилип турылды. Буны орынламаўда мүмкин емес еди.

Соған қарамастан, шайырдың өмирине ҳәм мәдений мийрасларын жыйнаўға жеткиликли дереклер бар еди. Биринширден, Әжинияз шайырдың шығармалары тийкарғы дерек болды. Әжинияз барлық дөретпелеринде дерлик, әсиресе, «Дәўран болмады», «Еллерим барды», «Бардур», «Елди көрер күн бармекен?», «Көринди», «Көриң», «Билмедим», «Барды», «Шықты жан», «Хош инди», «Ғам емә», «Әжинияздың Гулзада менен хошласыўы», «Қал инди!», «Нәметулланың атасы Әжиниязға айтқаны», «Ҳурзаданың Әжиниязға айытқаны», «Ҳәр жерлерде дилгир мүтәж болсаңыз», «Бозатаў», «Әжинияздың қыз Меңеш пенен айтысы» ҳәм т.б да бирқанша шығармаларында шайырдың өмири ҳәм күн көрис жағдайларына байланыслы қымбатлы ҳәм бай мағлыўматлар беретуғын қатарлар көп болды. Шайыр қолы менен жазған бул шығармаларындағы фактлерде өзиниң жекке өмири, дөретиўшилик аўҳаллары, айырым шығармаларының жазылыў себеплери ашық көрсетиледи. Елдиң халықтың күн көрис тиришиликлери, мәдений өмирге көзқараслары, басқа миллетлер менен дослық қатнаслары, базда өз басынан кеширген қыйыншылықлары, жолдаслары, дослары қанша жерлерди, қандай қонысларды аралап көргенликлери, оларға өзиниң мүнәсибетлери ҳәм басқа да көп мәселелерди өз ишине қамтыған оғада қунлы мағлыўматларға ийе дөретпе болды. Әсиресе, шайырдың шығармаларының көбисиниң өзбекше, қазақша вариантласыўлары, аўызеки халық

дөретпелерине өтиўлери, дәл ҳәм анық халыққа, елге ең көп, кең таралған мийрас екенлигин, оның дөретпелериниң халықлық характер ийелеп кеткенлигин белгилейди.

Әжинияз шайыр мийрасын үйрениўдеги екинши дерек - сол дәўирдеги жазба дереклер есапланады. Әжинияз XIX әсирде қарақалпақларда шайырлардың шайыры-араб, парсы, турк халықларының мәдениятындағы Орайлық Азиядағы поэзияда жети жулдыз деп аталған Рудакий, Фердаўсий, Саадий, Низамий, Жәмий, Физулий ҳәм Наўайы шайыршылық мектебинен нәр алған, ҳәзирги дәўирдеги әдебияттағы қарақалпақ халқының Мақтумқулысы деген атақ, аброй ҳүрметке ийе болған шайыр. Оның шығармалары мазмунлы, көркем, сулыў ой дизбеклери менен толы, тили шийрин ҳәм өткир еди. Сонлықтан да өз дәўиринде ҳәмме шайырлар устаз шайыр деп мойынлады. Сөзлеринен ибарат алды. Қарақалпақ жыраў, бақсы, қыссаханларының репертуарлары Әжинияз шайыр шығармалары менен толы болды. XIX әсирдиң ақырындағы 1885-жылы Таллықта шөлкемлескен Қоразбек қыссахан шайырлар мектебинде, XX әсирдиң басындағы Шымбайда 1905-жылы Қазы Мәўлик шөлкемлестирген қыссахан шайырлар мектебинде Әжинияз шығармалары жетилискен шайырлар пәрўазы деп баҳаланды. Қыссаханлықта ҳәм шайыршылықта Мақтумқулы ҳәм Әжинияз жолына қосық жазыў кең үгит нәсиятланған ўақытлар болды. Сол себепли елге Әжинияз мийрасы қыссахан шайырлар арқалы жазба нусқада кең таралған, қысқасы, заманында шайыршылықта басқа елде де, халықта шайырман деп аталған шайырлар үлги аларлық Әжинияз мектеби жаратылған дәўирлери еди. Классикалық әдебияттың барлық раўажланыў басқышларында Әжинияз устаз шайыр ҳәм халықтың әжайып иззет, ҳүрмет, муҳаббатына ийе, елде үлкен сөз шебери болып жетилискен шайыр еди. Миллий әдебият ҳәм мәдения ғайраткерлериниң жазба мийраслары, қосықлары ҳәр бир үйде, ҳәр бир саўатлы адамлар тәрепинен үлкен саўап деп, ҳүрмет пенен көширип жазып алынған дәўир болып, ол хәр бир үйде сақлаўлы да турар еди. Сонлықтан да усы көз қарастан халықтың қанына, жанына сиңип кеткен

Әжинияз шайыр мийрасларын жақын өтмишимиздеги репрессия дәўирлеринде қанша зумлықлар менен жоқ қыламан деген менен қурта алмағаны да ҳақыйқат. Солай етип, Әжинияз шайыр жазба мийрасы да ол заманларда ҳәр бир шаңарақта болып, оны халық көз қарашығындай сақлады. Усы жазба дереклерден Әжинияз шайыр өмири ҳәм оның мийраслары алынды. Әжинияздың өмири ҳәм дөретиўшилик мийрасының халыққа соңғы ўақытлары дурыс келип жетиўине елдеги тарийхый, әдебий, мәдений дереклер себеп болды. Деген менен, Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик мийрасы ҳаққында мағлыўматларды жыйнаўға, әсиресе, оны XIX әсир әдебиятының үлкен классиги деп жәриялаўға қатты шек қойылды. Сол себепли 1930-жылларда Әжинияз шайырдың улыўма халықлық характердеги фольклорлық шығармаларға айланып кеткен тек «Бозатаў», «Айырылса», «Керек», «Дүйсен қәндекли», «Аман ба?», ҳәм.т.б усындай шығармалары ғана баспа сөзлерде дағазаланды.

Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик мийрасының бизге жетип келиўинде шайырды көрген, ҳәтте, оның менен бирге болған, оның шығармаларын анық билетуғын, оны ел ишинде ҳүрмет пенен тилге алатуғын жанлы дереклер бар еди. Олар шайырды өз көзлери менен көрген шайырдың заманласлары, 1930-жылларда Әжинияз шайырдың өмири, әдебий мийрасларының характерлерин толық билетуғын адамлардан жазып алынған. Бул ҳаққында әдебият тарийхында жетерли дәрежеде гуўаҳнамалар жазып қалдырылған. Мәселен: 1939-1940-жыллардағы Қарақалпақстанда шығып турған «Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы» журналының бетлеринде әдебиятты изертлеўши алымлардың мийнетлеринде көринди.[1]

Фольклористлер Қ.Айымбетов ҳәм О.Кожуровлардың жәрияланған «Қарақалпақ әдебияты түрлери» атлы қарақалпақ әдебият тарийхы бойынша жазылған кең илимий шолыўындағы материалларда Әжинияз шайырдың

[1] «Қарақалпақ әдебиятының түрлери», «Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы» журналы. 1939-40-жылларғы санлары.

өмири ҳәм дөретиўшилик мийраслары ҳаққында дурыс мағлыўматлар жыйналғанлығының гуўасы боламыз.

Жәнеде бул Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик мийраслары ҳаққындағы мағлыўматларға 1930-1940-жыллардан соңғы 1950-1960-жыллардағы Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалының Н.Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият илим изертлеў институты шөлкемлестирген тарийхый, этнографиялық, әдебий, лингивистикалық экспедиция дәўирлеринде илимпазлар да бир неше мәртебе анықлық киргизген. Ҳаққыйқаттан да, Әжинияз мийрасы халықта үлкен миллий руўхый байлық екенлиги дәлилленген. Әжинияз мийрасын елде билмейтуғын адамның жоқ екенлиги анықланған.[1]

Солай болса да, Әжинияз шайырдың өмир ҳәм әдебий мийрасына байланыслы көп мәселелер елеге шекем изертленбей, үйренилмей киятыр. Себеби, экспедиция дәўирлеринде елден халық аўзынан жыйналған материалларға қарағанда Әжинияз шығармалары бир ғана қарақалпақ халқы ушын хызмет етип қоймастан оның дөретиўшилигин өз дәўириндеги шайыршылық таланты, халықлар арасындағы мәдений, әдебий байланысларды күшейтиўге ҳәм байытыўға хызмет еткенлигин көремиз. Ол халықлар дослығын, адамзат ийгилиги ушын еркинликти жырлаған араб, парсы, тәжик, өзбек, түркмен, қазақ халықларының әдебият ғайраткерлериниң шығармаларын қунт пенен үйренген, ҳәтте, олардың көплери менен бир сапта турып шығыс халықларының әдебиятларының раўажланыўына өз үлесин қосқан шайыр еди. Мәселен, ол түркмен әдебиятының үлкен классиги Мақтумқулы шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған.[2] Қазақ халқының арасында қазақ халық ақынлары менен айтысқа түскен. Өзи қазақша да, өзбекше де ҳәтте, түркмен тилинде де шығармалар

---

[1] Н.Дәўқараев. «Шығармаларының толық жыйнағы» 3 том «Қарақалпақ адебияты тарийхының очерклери», «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис-1970-жыл, 72-бет.

[2] Н.Дәўқараев. «Шығармаларының толық жыйнағы», 3 том. «Қарақалпақ әбедияты тарийхының очерклери». 1-111-бөлимлер, «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис 1979-жыл, 83-бет.

дөреткен. Айырым материалларда ол арабша да шығармалар жазған деген мағлыўматлар бар.[1]

Әжинияздың «Қыз Меңеш пенен айтысы» 1978-жылы «Түркстан ўәлаяты» газетасында дағазаланған.[2] Бул шайырлар айтысын қазақлар XIX әсирдеги қазақ ҳәм қарақалпақ ақынларының айтыслары деп бахалап, қазақ әдебиятының үлкен мийрасы сыпатында ҳәзирги күнге шекем ҳүрмет пенен тилге алып, үйренип баспада жәриялап келеди .[3]

Әжинияз шайыр шығармаларының өз заманында китап болып басылып шыққанлығы, көширип таярланғанлығы ҳаққында да мағлыўматлар бар. 1957-жылы тарийх илимлериниң кандидаты Ўақыт Шәлекенов басқарған Шымбай, Қараөзек ҳәм Тахтакөпир районлары аймақларына шөлкемлестирилген тарийхый этнографиялық, әдебий, фольклорлық ҳәм лингивистликалық экспедициялар ўақтындағы жазып алынған мәлимлемелеринде де көремиз. Тахтакөпир районының 7-аўыл кеңесинде «Өзбекстан» совхозында жасаўшы Әбдиләмит Пахратдинов (1919-жылы туўылған, миллети қарақалпақ урыўы бессары, екинши жер жүзлик урыстың қатнасыўшысы, екинши топар майыбы, колхозшы, ескише саўатлы) берген мағлыўматтың өзи де мысал бола алады: «1930-жылларда ҳүкимет үйлерден арабша жазылған барлық материалларды жыйнап алып атырғанда, Әжинияз шайырдың Қабулый баспада басылып шыққан қосықлар топламының бар екенлиги ядымда. Көбисин сиясаттан қорқып отқа өртеп те жибердик. Бул ҳақыйқый болған ўақыя».[4]

Соңғы дәўирлердеги Республикалық гейпара баспа сөзлерде Әжинияз шайыр өмирине байланыслы жазылған материалларда, «Әжинияз қазақ даласында «Русский Вестник» журналының хабаршысы менен сөйлескен, Әжинияз Қазан университетинде бир неше мәртебе болған, Әжинияз Астарахан архивинде отырып жумыс ислеген» деген де пикирлер басылды.

---

[1] Қ.Айымбетов. «Халық даналығы». «Қарақалпақстан» баспасы-Нөкис-1968-жыл. 193-бет.
[2] Н.Дәўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы. 3 том. II-III бөлим, «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери», «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис 1979-ж 13-бет.
[3] «Қазақ халық әдебияты» Айтыс I-том. Алматы,1977-ж, 107-125-бетлер.
[4] «Амиўдәрья» журналы №3 1966-ж, 201-бет

Бул мағлыўматларды еле анықлап көриў керек болады. Бирақ, бул мағлыўматлардың өзи қарақалпақ халқының Әжинияз дөретиўшилиги арқалы қарақалпақ әдебиятын түркий халықлар әдебияты ҳәм мәдениятлары менен еркин дослық қатнас жасағанлығының мысалы екенлигинде көрсетип турады. Әжинияз шайыр мийрасына байланыслы әдебият тарийхындағы бул пикирлер, бириншиден, Әжинияз шайыр өмириниң ҳәм творчестволық мийрасының өз заманлас шайырларының қайсы-қайсылары менен салыстырғанда да әжайып үлкен мийрас екенлигин көрсетеди.[1]

Екиншиден, XIX әсир қарақалпақ әдебияты ҳәм мәденияты тек аўыз бенен айтылып киятырған миллий мийрас ғана болып қалмастан, ол ҳақыйқаттан да дүнья жаралғалы барлық түркий халықлар, ҳәтте, шығыс халықлары мәденияты ҳәм әдебияты менен ажыралмас биргеликте жасап, өсип, раўажланып киятырған үлкен бай дәстүрлерге ҳәм тәжрийбелерге ийе әжайып тарийхқа толы әдебият ҳәм мәденият екенлигин көрсетеди.

Әжинияз өз заманласлары болған Кунхожа, Бердақ, Өтеш, Сарыбай, Гулмурат ҳәм т.б да шайырларды араб, парсы, түркий халықлар мәдений ҳәм әдебий мийраслары менен таныстырған шайыр болды. Сол себепли өз заманындағы ҳәм олардан кейинги жасап өткен ҳәмме әдебият ҳәм мәдeният ўәкиллери Әжиниязды устазым деп ҳүрмет етти. Оның әдебияттағы, мәденияттағы салып кеткен жолы бизиң бүгинги күнимизде де ҳәмме әдебият ғайраткерлерине үлкен үлги болып хызмет етпекте.

---

[1] 1957-жылғы гүздеги Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир, районы аймақларына шөлкемлестирилген экспедиция материалларынан

## XX ӘСИРДЕГИ ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫР ДӨРЕТИЎШИЛИГИН ҮЙРЕНИЎ ҲӘМ ИЗЕРТЛЕНИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

XX әсирдин 30-жылларынан баслап Әжинияз шайырдың дөретиўшилик мийрасын үйрениў басланды. Себеби, буннан бурынғы әсирлерде қарақалпақ халқының жәмийетлик қурылысында мешит, медреселерде, улыўма ол әсирдеги билимлендириў системасында қарақалпақ әдебиятын, миллий мәдений тарийхы сыпатында үйрениў мәселелери дәстүр емес еди. XX әсирдиң биринши шерегинде Орайлық Азия халықларының, соның ишинде қарақалпақ халқының тарийхый сиясий, социаллық ҳәм жәмийетлик мәдений өмирлеринде өзгерислер пайда болды. 1917-1918-жыллары қарақалпақ жерин қызыл империя басып алып, халықлардың еркине қарамай, бул аймақларды кеңес ҳүкметин орнатты. Көплеген халық азаматлары қанша қыйын жағдайлар болса да елдиң, халықтың еркинлик ушынғы нешше жыллық арзыў-әрманлары ушын тынбай гүрести. Көп қыйыншылықлар менен елде жаңа орнап атырған тоталитарлық зорабанлық ҳүким сүрип турған жәмийетте-ақ 1924-жылы 14-октябрь де әсирлер бойы қарақалпақ халқының ғәрезсизлик ҳәм өз мәмлекетшилигине ийе болыў әрманларына жақынласқандай болды.[1] Әсиресе, 1932-жылы 20-мартта Қарақалпақстан Автономиялы Республика болып қайта дүзилиўи елди басқарыў органларына ҳәм т.б ҳуқықларына ҳәм еркинликлерине ийе бола баслағанлығын билдирер еди. Бундай ҳуқықларды қолға киргизген қарақалпақ халқы енди ғана дүнья халықларының тарийхый жәмийетлик раўажланыў жолларына қараўға, әсиресе, илим, пән, мәденият, әдебият, ҳәм миллий мәдениятты системаластырыў, оларды өз халқының мүлки етип баҳалаў керек екенликлерин қарастырыўға киристи. Бул мәселеде XIX әсирде-ақ прогрессивлик Түркстан жәдидлериниң дүнья халықларының раўажланыў нызамлылықлары ҳаққындағы тийкарлы бағдарламалық идеялары менен қарақалпақ зыялылары да таныс еди. Қарақалпақлардың 1930-жыллардан

[1] «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем». «Каракалпақстан» баспасы. Нөкис-2003-жыл. 207-бет.

баслап өз миллий еркинликлерине, әсиресе, билимлендириў ҳәм баспа сөз еркинлигине ийе болыўы бир қанша жаңадан дүзилип атырған мәмлекет тәрепинен шекленген дәрежеде болса да, енди өз тарийхын, өз миллий әдебиятын, миллий мәденияты тарийхын жыйнастырыўға үйрениўге, изертлеўге мүмкиншиликлер жаратылды. Енди бул машқаланы өз басшыларынан, бурыннан миллий раўажланыўды арзыў етип келген халықтың өзи де талап етти. Бул мәселени қарақалпақ әдебияты тарийхын изертлеўши алым Н.Дәўқараев туңғыш изертлеп ҳәм ашып берди.[1] Н.Дәўқараев 1946-жылғы «Қарақалпақ классик әдебияты» деген кандидатлық диссертациясында да, соңғы «Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» деген мийнетлеринде де бул машқала өз сәўлелениўин тапты. Халық тарийхын, миллет мәдениятынын, тарийхын, әдебиятын жыйнаў, үйрениў, бастырып шығарыў ҳәм изертлеў мәселелерин бул жыллардағы қарақалпақ халқының раўажланыўға жол алған экономикасы ҳәм мәденияты, әсиресе, сол әсирдеги муғаллимлер, студентлер, мәденият хызметкерлери, улыўма интелегенция қарақалпақ әдебияты тарийхын изертлеп, бир системаға салған илимий мийнети талап етти.[2]

Солай етип, XX әсирдиң 30-жылларындағы бул қарақалпақ халқы тарийхында пайда болған миллий ғәрезсизликтиң шарапаты еди. Бул тарийхый қубылыстың пайда болыўына ҳеш қандай бир ғайры күшлер, ямаса қандай да бир мәмлекетлик күшлер, қайырқомлықлар нәтийжелеринде пайда болған ўақыялар емес, ал қарақалпақ халқының өзлериниң көп әсирлик арзыў әрманларынан пайда болған тарийхый жөнелис болды. Бул тарийхый пайда болған ўақыялар қарақалпақ халқының еркинлик ушын нешше жыллап алып барған гүреслери тарийхы менен тиккелей байланыслы ҳәм олардың нәтийжели жуўмақларының көриниси еди.

Енди бул халық талап етип турған тарийхый жөнелис халықтың жәмийетлик тарийхын, мәденияты тарийхын, фольклор, классикалық

---

[1] Н.Дәўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы 3 том. II-Ш-бөлимлер «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери», «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1979-жыл.
[2] Сонда, 6-бет.

әдебияты мийрасларын жыйнаў, бастырып шығарыў ҳәм изертлеў ислерин бирден баслап жибере бериў аңсат ис болған жоқ. Сол ушын дәслепки он жыллықларда қарақалпақлар бул мәселеде тәжирийбели халықлардан, биринши нәўбетте жәрдем сораўға мәжбур болды.

1932-жылы Россия Илимлер Академиясының Шығыстытаныў институтының акадимиги А.Н.Самайлович басшылығында Қарақалпақлар тарийхын үйрениў ҳәм жазыўға, усаған байланыслы Қарақалпақ тилин, мәдениятын ҳәм әдебиятын жыйнаўға пүтин бир топар орыс илимпазлары қарақалпақстан жерине жибериледи.[1] Бул мәселе бойынша биринши баслама 1932-жылы СССР Илимлер Академиясының Шығыстаныў институтының алымлары менен басланады. Сол жылдың өзинде орыс тюрколог ҳәм тарийхшы илимпазларынан: В.И.Бертегов, П.П.Иванов, С.Е.Малов, А.А.Воробков, А.А.Гнеденко ҳәм т.б. қарақалпақ жерине келип, оларға бул жылларда педагогикалық ҳәм аўыл хожалығы техникумларында оқып орта мағлыўмат алған Бақыйев, Қ.Айымбетов, Айтешов, Ибадуллаев ҳәм т.б киши илимий хызметкер, илимий хызметкер, лаборант лаўазымларына алынып, жаңа басланып атырған тарийхый этнографиялық, фольклорлық, әдебий лингивистикалық экспедиция ағзалары менен елден тарийхый, әдебий фольклорлық материаллар жыйнаўға қатнасады.[2]

Қарақалпақстан аймағына тарийхый этнографиялық, фольклорлық, әдебий лингивистикалық экспедициялар буннан бурында 1929-1930-1931-жыллары болды. Бирақ, бундай қарақалпақлар тарийхын, фольклорлық ҳәм классикалық әдебият мийрасларын жыйнаў, изертлеў ушын белигили жобаға арналған мақсетли экспедициялар усы 1932-жылдан басланады. Бул дәўирлерде системаласқан қарақалпақ халқының әдебияты тарийхын, мәденияты тарийхын жаратыў ушынғы илимий экспедициялар жумыс алып барды. Сол себепли XX әсирдиң орталарынан баслап қарақалпақ фольклоры

---

[1] .«Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем», «Қарақалпақстан» баспасы Нөкис-2003-жыл 372-бет. Каракалпакия.том.II конференций Академий наук СССР 18-25 г.г. в.г.Ленинград 1934 г.
[2] Каракалпакия. КН.II Конференция Академий Наук СССР 18-25 март 1933 г. М-Л.стр 201.

ҳәм классик әдебияты бойынша бай материаллар 1931-жылы Қарақалпақстаннан шөлкемлестирилген илим изертлеў институтының ҳәм Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамының қол жазба фондына жыйнала баслады.

Усылардың ишинде елден жазып алынған классикалық әдебиятта Әжинияз, Бердақ шайырлардың шығармалары көп екенлиги менен айрылып турады. Бул еки шайырдың әдебий мийрасы өз заманында елде, халықта ең көп таралған миллий сөз өнериниң айрықша түрлеринен екенлигин көрсетер еди.

Әжинияз шайыр творчествосы буннан бурын жазыўшы Сейфулғәбит Мәжитов тәрепинен дәслепки 20-жыллардағы жазылған, мектеплер ушын таярланған биринши оқыў қуралларынан орын алды. «Егеделер саўаты» китабында Әжинияздың «Бозатаў» поэмасы толығы менен жәрияланды.[1] Ал, 1929-жылы халық шайыры Аяпберген Муўсаев тәрепинен Н.А.Баскаковқа Қоңыратта болған ўақытларында оған Әжинияз шайырдың қол жазбаларын тапсырған.[2] Бирақ, булардан Н.А.Баскаков тәрепинен көп жыллар таярлап 1950-жылы баспада жәриялаған. «Каракалпакский язык» деп аталған еки томлық китабының биринши томында Әжинияз шайырдың «Бозатаў» шығармасынан үзинди ғана жәриялады. Бирақ бул үзиндини педучилише муғаллими 25 жасар Сәрсенбай Нуржановтан жазып алдым деп ескерткен.[3]

Қулласы, Әжинияз шайыр Қосыбай улы творчествосы 1934-жылғы Н.А.Баскаков, проф, А.А.Соколовлар шөлкемлестирген арнаўлы тарийхый этногрфиялық, әдебий фольклорлық ҳәм лингивистикалық экспедиция дәўирлеринде жыйнала баслады. 1936-жылдан баслап Әжинияз мийрасы ҳәр қыйлы баспа сөзлерде жәрияланды. Солай етип, 30-жыллардың орталарынан баслап Әжинияз шайырдың өмирин ҳәм әдебий мийрасын үйрениўдиң жаңа дәўири басланды. Баспа сөзлерде фольклорлық ҳәм классикалық мийрасларға

---

[1] А.Муртазаев. «Шайырдың муҳаббаты» Әжинияз шайырдың өмири ҳәм творчествосы. «Қарақалпақстан» баспасы Нөкис-1988-жыл 8-бет.

[2] Усы топламда 8-9-бетлер.

[3] Н.А.Баскаков. «Каракалпакский язык», Тексты и словарь Изд.Ан.СССР Москва 1951-г 135 стр.

байланыслы пикирлерде Әжинияздың мийраслары да илимий изертленип тилге алынды.

Бирақ, баспа сөзде Әжинияз мийрасларының изертлениўлеринде, олардан тысқары гейпара интелегентлер арасында, оны халықлық мийрас сыпатында классикалық әдебият қатарында жыйнап үйрениў мәселелерине гүман келтирген ўақытлары да болды. Соған қарамастан, Әжинияз дөретпелериниң елге кең таралыўы, әсиресе, жыраў, бақсы қыссаханлар репертуарларынан кең орын алыўы шайыр мийрасына айрықша кеўил аўдармаўға болмады.

Бул улыўма әдебият ҳәм мәдeният тарийхының мийрасларының жыйналыўы менен басланған қубылыс ғана емес, ал Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик мийрасларын жыйнаў җәне үйрениў мәселелери, бул қарақалпақ халқының ғәрезсизлик ушын гүреслериниң, мәмлекетшилигине ийе болыў ушын алып барған гуреслер тарийхы менен байланыслы процесс болып есапланады.

1934-жылдан баслап педегогикалық института қарақалпақ әдебиятының барлық классиклери Жийен жыраў, Күнхожа, Бердақ, Өтеш шайырлар менен қосып Әжинияз шайыр Қосыбай улының дөретиўшиликлери де оқытыла баслады. Педагогикалық ҳәм аўылхожалығы техникумларында Әжинияз шайыр мийрасы 1928-1929-оқыў жылларында – ақ үйренилген болса, 1936-жылдан баслап улыўма билим бериў мектеп бағдарламаларына Әжинияз шайыр дөретпелери енгизилди. 1940-жылы «Қарақалпақ халық творчествосы» атлы китапта Әжинияз творчествосы тағы да толық түрде басып шығарылды. 1940-жылдан баслап шайырдың гейпара қосықлары орыс тилине аўдарылды. Гейпара орыс тилиндеги баспа сөзлерде пайда болған илимий мийнетлерде Әжинияз шайыр қарақалпақ әдебиятының тийкарын салған [1] ҳәзирге шекем барлық шайырларға ол қосық жазыўдың үлгисин көрсеткен шайыр.[1] -деп атап көрсетиледи. «Қарақалпақ әдебияты тарийхы

---

[1] «Возрожденный народ». Альманах Қарақалпақской литературы. ҚҚГос Изд. Турткул.1940 г. 29-30-стр.

[1] Том же, 3 стр.

жөнинде»[2], «Қарақалпақ әдебияты ҳаққында»[3] деген мийнетлерде «Әжинияз XIX әсирдеги қарақалпақ классик әдебиятының ең ири ўәкиллери»[4] – қатарында орын ийелейтуғыны туўралы пикирлер билдирилди.

1946-жылғы Н.Дәўқараевтың «Қарақалпақ классик әдебияты» деп аталатуғын кандидатлық диссертациясында, әсиресе, 1951-жылғы Москвада СССР Илимлер Академиясы Шығыстытаныў институтында жақлаған докторлық диссертациясындағы мағлыўматларда Әжинияз шайыр мийрасының халықшыл екенлигин дәлийллеп усы ўақытларға шекем болып келген гуманлы барлық пикирлерди жоққа шығарды. Ҳәттеки, илимпаз Н.Даўқараев: Әжинияз саўатлы билимдан шайыр ол, араб, парсы, түркмен ҳәм өзбек тиллерин жақсы билген, парсы-тәжик шайырлары Рудакий, Фердаўсий, Саадий, Хафыз, Омар Ҳаям, Наўайы ҳәм т.б шайырлар мийрасларын терең үйренген данышпан шайыр. Оның дөретпелери өз заманында оннан кейинги, ҳәтте, ҳәзирги дәўирлердеги шайырларға да қосық жазыўдың үлгисин көрсетти. -деп баҳалаған.[5]

1940-1950-жылларда Әжинияз шайырдың өмири ҳәм әдебий мийрасын кең көлемде үйрениў дәўирлери басланды. 1949-жылы биринши мәртебе Әжинияз шайыр Қосыбай улының «Таңламалы қосықлар топламы» баспадан шықты. 1960-жыл «Таңлаўлы шығармалар жыйнағы» шықты, бирақ, ол топлам оқыўшылар жәмийетшилиги тәрепинен қатты сынға алынып, келеси 1961-жылы «Таңлаўлы шығармаларының толық жыйнағы» баспада қайта жәрияланды. 1965-жылы, 1975-жылы, 1988-жылы, жәнe 1994-жылы Әжинияздың таңлаўлы шығармалар жыйнағы басылды.

1994-жылы шайырдың 170 жыллық мерекеси Өзбекстан көлеминде жүдә кең түрде белгиленип. Қарақалпақстанда Нөкис қаласында Әжинияз шайырдың 170 жыллық салтанатына бағышланған илимий конференция

---

2 «Қызыл Қарақалпақстан» газ.1940 ж. 298.
3 Бюллетень Ан УзСССР 1945 г. № 9-10.
4 «Қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосы» журн. 1935 ж. № 4 5 7.
5 Н.Давқараев.Очерки по историй қарақалпақской литературы.
Автореферат диссертация представленной на соискание ученой степени доктор филологических наук. Изд, АН СССР Москва. 1950 г. Стр. 30.

өткерилди. Онда көп жерлерден: Өзбекстан, Қазақстан, Түркменстан мәмлекетлеринен алымлар қатнасты. Конференцияда Өзбекстан илимлер Академиясының академиги Б.Назаров, филология илимлериниң докторы, профессор Ә.Ҳайтметовлар Әжинияз творчествосының халық аралық илимге қосқан әҳмийети ҳаққында баянатлар жасады. Конференцияның табыслы өткерилиўине Өзбекстан Илимлер Академиясының илимпазлары, әсиресе, Өзбекстан Илимлер Академиясының вице президенти Төре Мирзаевлардың шөлкемлестириў мәселелеринде үлкен жәрдемлери болды.

1970-1980-жылларда Әжинияз шайырдың өмири ҳәм әдебий мийрасы илимде кандидатлық диссертациялардың, кең монографиялық характердеги изертлеўлерге өзек болды. 1950-жылғы Н.Дәўқараевтың «Шығармаларының толық жыйнағының 3-томындағы «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери» (II-Ш -бөлимлери бойынша жиберилген «Әжинияз Қосыбай улы» атлы шайыр творчествосы бойынша) арнаўлы изертлеўинен[1] 20-30-жылдан соң Ө.Әлеўовтың «Әжинияздың ағартыўшылық ойлары»[2] Ә.Пирназаровтың «Әжинияздың шеберлиги»[3], А.Муртазаевтың «Шайырдың муҳаббаты»[4], Б.Қәлимбетовтиң «Әжинияздың лирикасы»,[5] К.Мәмбетовтың «Әжинияз»[6] илимий-очерк ҳәм жас алымлар Б.Генжемуратов, Г.Даўлетованың монографиялары баспадан шықты. Монографиялардың ҳәм диссетациялық изертлеўлердиң ең жақсы илимий характерде жазылғанлары Н.Дәўқаевтың, Ө.Әлеўовтиң, Ә.Пирназаровтың, А.Муртазаевтиң мийнетлери еди. Бул илимий мийнетлердиң қунлылығы Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги шайыр жасаған дәўир ҳәдийселери, әсиресе, ол заманның жәмийетлик қурылысы, тарийхый жасаў шәриятлары, илим, пән, әдебият, мәденияттың жәмийетшилик пенен тиккелей дурыс байланыстырыўға ҳәрекет еткен мазмунда изертленгенлигинде. Соның ишинде Әжинияз творчествосын ашып бере алмаған, тек шығармалардың мәнилерин айтып

---

[1] Н.Дәўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы 3 том. Қарақалпақ әдебияты тарийхынының очерклери, 1979-жыл, 72-89-бетлер.
[2] Ө.Әлеўов. «Әжинияздың ағартыўшылық ойлары». «Қарақалпақстан» Нөкис-1982-жыл.
[3] А.Пирназаров. «Мастерство Ажинияза». «Қарақалпақстан»Нөкис-1983 г.
[4] А.Муртазаев. «Шайырдың муҳаббаты». «Қарақалпақстан». Нөкис-1988-жыл.
[5] Б.Қәлимбетов. «Әжинияздың лирикасы». «Қарақалпақтан». Нөкис-1981-жыл.
[6] Қ.Мәмбетов. «Әжинияз», «Билим» Нөкис-1994-жыл.

бериў менен шекленген жумыслар да ушырасты. Булардың барлығы бәриненде бурын, қарақалпақ классик әдебиятында Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик мийрасына илимий жәмийетшиликтиң қызығыўшылығының артқанлығын көрсетеди.3

Солай етип, 1970-1980-жылларда Әжинияз шайырдың жәмийетлик өмирин ҳәм творчестволық мийрасын үйрениў бағдарларында илимде жаңадан жаңа изертлеўлерге ерисилди. Баспадан тез ўақыттың ишинде-ақ шайырдың топламлары, монографиялық изертлеўлер, диссертациялық жумыслар жаратылды, илимий жуўмақлар бериле баслады. Қыл қәлем ийелери Әжинияз шайыр сүўретин жаратты. Мүсиншилер Әжинияз бюстин соқты. 1987-жылы үлкен миллий Әжинияз операсы сахналастырылды. Әжинияз шайыр шығармаларына копмозиторлар намалар жазды. Олар жәмийетшилик алдында, таетр сахналарында, радио, телеведениелерде улкен табыслар менен жаңлады. «Қарақалпақфильм» дөретиўши топары тәрепинен «Зийўар» ҳүжжетли фильми сүўретке алынды.

Жазыўшы Қ.Султанов тәрепинен 1967-жылы «Әжинияз», Қ.Мәмбетов тәрепинен 1986-жылы «Бозатаў» романлары жазылып баспадан шықты.

2012-жылы «Әмиўдәрья» журналында М.Нызановтың «Зийўар» тарийхый драмасы. Баспа сөзлерде уллы шайыр ҳурметине көркем рәуиятлар ел аўзынан жазып алынып дағазалана баслады.[1] Шайыр исмин мәңгилестириў мақсетинде Республика жәмийетшилиги тәрепинен көшелер, мектеп, жоқары оқыў орынларына шайыр аты қойылды. Жоқары оқыў орынларында университетте, techинститутларда Әжинияз мийрасы турақлы оқытылатуғын курслар шөлкемлестириле басланды. Ҳәзирги күнде олар арнаўлы бағдарламалар менен табыслы оқытылып атыр.

Солай етип Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм дөретиўшилик мийраслары халқымыздың өткен XIX әсирдеги үлкен жазба естелиги сыпатында қадирленип үйренирлмекте. Ҳәзирги күнде де, өз дәўиринде де

[1] «Әмиўдәрья» журн. Музаффар Ахмедов. «Кунхожа, Әжинияз, ҳәм Бердақ шайырлар» ҳаққында Раўятлар. 2007-жыл, №2. 81-91-бетлер.

дүньялық әдебият, мәдениятқа, оның байыўына үлкен үлес қосқан, шайыр мийрасы руўхый байлығымыз болып өмир сурип, және де халық көркем ой-пикир дүньясы ретинде үлкен миллий мақтаныш пенен тилге алынады.

## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫРДЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ЖӘМИЙЕТЛИК ӘДЕБИЙ, МӘДЕНИЙ ОРТАЛЫҒЫ

ӘЖИНИЯЗДЫҢ БАЛАЛЫҚ ЖЫЛЛАРЫ: Әжинияз шайыр Қосыбай улы 1824-жылы 10-апрель күни Арал теңизиниң қубла жағасында Жетим өзек деген жерде қыяташамайлы аўылында руўханый шаңарақта дүньяға келеди. Бул жерлер Қоңырат беглиги сормамында халықтың ең көп жайласқан жерлери болып, бул мәканларда қарақалпақлар, қазақлар, араллы өзбеклер бирге көше-көше болып сығасып отырған. Жериниң тәбияты жағынан жүдә сулыў айдын-айдын шалқар көллер, тынық ағып атырған өзек дәрьяшалар көп болып, қалың тоғайлықлар менен қапланған. Халықтың тығыз жайласқан жери, жүдә салт-дәстүрли, той-мерекелер болып туратуғын, қосықшылар, сырнайшылар, баламаншылар, сазенделер, бақсы, жыраўлары, қыссаханлары көп, әсиресе, шайырларға толы ел болған. Ҳәр бир аўыл мектеп, мешитке ийе заманында халықтың саўатлы да мәканларының бири еди. Әжинияз усындай орталықта мәканларда туўылып, өсип жетилискен, тәрбияланған.

Уллы адамлардың өмир тарийхын үйренгенде, ең алды бурын туўылған жерин, өскен, тәрбияланған жәмийетлик орталығын билмей турып, ол ҳаққында тарийхый ҳақыйқатлықларды ашыў қыйын. Бул тәбийғый нызамлылық. Себеби, адамның шаңарақта, тәрбияланып жетилискен жәмийетлик орталығы, оның өсип камалына келиўге себепши болған тийкарғы өмир мектеплери болып есапланады.

Ҳәзирге шекем Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша қанша дәрежеде илимий изертлеўлер болғанлығы менен оның өсип жетилискен өмир мектеплери ҳаққында толық бир мағлыўмат болмай, ал

нешше түрли бир-биреўине усамайтуғын болжаўларды, мағлыўматларды ушыратамыз.

Расында да, буларға XX әсирдеги үлкен тарийхый жәмийетлик сиясий орталық себеп болғаны анық. Әсиресе, XX әсирдиң биринши шерегинде коммунистлик жәмийетке халықтың бурынғы тарийхы, ҳәтте мәденияты керек болмады. Соның менен қатар ол жәмийетте өсип жетилискен тәжирийбели, билимли, илимли адамларды да қуўдалады. Ҳәттеки, халықтың қәлиплескен дәстүрлерин де бийкарлады. Ал ел-журт, оларға қанша мәмлекетлик қысымда жасаса да өз миллийлигинен айрылғысы келмеди. Әжинияз шайыр мийрасын халық өзлери ушын өмир мектеби билди. Сондай ел перзентлериниң әдебий, мәдений байлығынан ўаз кешпеди. Оны ҳәр түрли жоллар менен сақлаўдың усылларын қарастырды. Сол себепли де Әжинияз шайырдың өмири ҳәм дөретиўшилик мийраслары усаған уллы мәдениятты дәўир талабына масластырып сақлаўда бас мақсет еткени бүгинги күни сыр емес.

Әжинияз шайырдың өмири ҳәм жәмийетлик орталығы ҳақыйқатында басқаша болды: Ол зыялы шаңарақта туўылған. Әкеси Қосыбайда шайыршылығы басым, көркем сөзге ықласы бәлент, ядыгер, халық тарийхын жақсы билген, шешен ҳәм тақыўа киси болған ҳәттеки «тири Шежире» деп те аталған, қыссахан да еди. Бурынғы мийнетлерде Әжинияздың әкеси Қосыбайдың ебиндей ғана моллашылық саўаты болған делинген. Ал, шынында әкеси саўатлы ахун адам болған. Әжинияз дәслебинде әкесиниң мешитинде оқып саўат ашқан. Баласының оқыўға ықласлылығын сезип Қосыбай Әжиниязды сол жылларғы Жетим өзектеги үлкен саўатлы уламалардың бири Елмурат ахунның қолына тәрбияланыўға өткереди. Елмурат ахун сол дәўирлердеги Қоңырат беглигиндеги үлкен, елге белгили, саўатлы ахун адамлардан бири болған. Оны гейпара ҳүжжетлерде (мийрасын сақлаў ушын болыўы керек) Әжиниязға Елмурат ахунның көмеги тиймеген, Елмурат ахунды халық та жақсы көрмеген деп баянлап өтеди.[1]

---

[1] А.Муртазаев. «Шайырдың мухаббаты». «Қарақалпақстан» баспасы Нөкис-1988-жыл. 26-бет.

Әжинияздың ата-анасы баласының  ҳәр тәреплеме билим алыўы ушын бар шар-шәриятларды жаратады. Оның неше жасларынан қосық жазғаны туўралы мағлыўматлар ҳәзирше жоқ.

Бирақ, елден шайыр өмирине байланыслы мағлыўматларды жыйнаған жыллары, мәселен 1930-жылларда: «…ол дым кишкене жасларынан-ақ қосық жазған. Ол әдебиятты жүдә жақсы көрген. Әсиресе, музыкаға көп қызығатуғын болған. Отырыспаларда қосық айтқан, қыссаханлар қысса оқыған жерлерден шықпайтуғын болған. Ол жердеги айтылған қосықларды тез ядлап алатуғын қәбийлетлик Әжиниязда күшли болған. Солай етип, ол кишкентайынан халық мәдениятының сыр-сыйқырына жүдә қызыққан ҳәм ҳәўес еткен» лиги белгили.

Әжинияздың өз ата-анасының тилеги бойынша Елмурат ахунның тәрбиясына өтиўи оның өмирине дүнья илим, пән ҳәм мәдениятынын ажайып тилсимли қудретлиликлерине қарай қәдем басыўына үлкен мумкиншиликлер жаратты. Ол жердеги мешит китапханасындағы жыйналған китап байлықлары жас Әжинияздың илим ҳәм әдебиятқа болган қызығыўшылығын оятты. Ол дәристен бос ўақытларда мешиттиң бай китапханасындағы китапларды оқыў менен бәнт болды. Жәнe де жас Әжинияздың бул жерде көркем әдебиятқа болған үлкен қызығыўшылығына мас келетуғын мешитте дәстүрий ўақыялар көп болған. Мәселен, ол жерде талабалар жатахқанасына жас ҳәм кексе шайырлар тез-тез  жыйналысып, олар өз қосықларын оқытатуғын еди. Әдебият, көркем-өнер мәселелерине сол дәўирлерде елге көп таралған қайсы халықтың шығармалары ямаса қосықлары болса да қарақалпақ тилине аўдарып, елдеги сол замандағы шайырларға оларға қосық жазыўға үлги етип көрсетиў керек деген мәселелерде тартыслар болып турған. Көбинесе ол жерде Рудакий, Фердаўсий, Саадий, Низамий, Лутфий, Омар Ҳаям шығармаларын қарақалпақшалаў керек деп, олардың қосықларынан жыйналған шайырларға үлги ушын мысаллар көрсетип, шығармалар оқып берген, жанлы мысаллар менен мушайралар өткерер екен.

Өз гезегинде усы әдебий шаралар  Әжинияздың өмирине үлкен тәсир жасайды. Елмурат ахун мешитиндеги тәлим-тәрбиядағы илажлар сол дәўирдеги ел үстинде жүрген ҳамалдарларға жақпайды да екен.[1]

Солай етип, Әжинияздың Елмурат ахунның тәрбиясына өтиўи оның ислам илим, пән, мәдениятынан тысқары түркий халықлар илим, пән ҳәм мәдениятының өзлерине ылайық раўажланыў дәстүрлери бар екенлигине көзи жетеди. Оның көз алдында  басқаша жаңа дүнья ашылады. Әсиресе, ол илим, пән, әдебият, мәденияттың ҳәмме еллер, ҳәмме халықлар ушын теңдей хызмет атқаратығынлығына исеними пайда болады. Усылардың ишинде, әсиресе әдебият, мәдeният халықтың руўхый байлығы, руўхый өмири екенлигине ықласы артады. Сол ушын Әжинияз илим менен оған қосымша шайыршылықты жетилистириўди өзине тийкарғы мақсет етип алғанды мақул көрди. Және де бул жоллар өз елине, халқына хызмет етиўдиң бирден бир туўры жолы деп түсинди. Шайырдың жас ўақытлардағы өзине сайлап алған баслы мақсети усы болды.

Сол ушын да Әжинияз жас ўақытларынан-ақ өзинде илимди ҳәм шайыршылықты жетилистириў қыйын екенлигин де көрди. Бул ўазыйпаларға жетисиў ушын ислам илими, пән ҳәм мәдениятын ийелеў менен бирге шайыршылықта Фердаўсий, Низамий, Хысраў, Деҳлеуий, Саадий, Лутфий, Жәмий, Омар Ҳаям, Наўайы, Фузулий, Мақтумқулы мийрасларын қунт пенен үйрениўди өзине мақсет етип қойды. Себеби, түркий халықлар мәдeнияты тарийхый бул уллы сөз шеберлериниң мектеплериниң дәстүрлеринде тәрбияланбай турып өзинше жол таўып раўажланыўы мүмкин емес екенлигине ол толық түсинди.

Әжинияздың бул дәўирлердеги өз атасы ҳәм Елмурат ахун мешитинде оқып жүрип алған тәсирлери, ойланыўлары нәтийжесин ол бириншиден, түркий халықлар ишинде өз халқының, қарақалпақлардың да әййемги халықлардан екенлигин, оның бай тарийхқа, дәстүрлерге, тәжирийбелерге

---

[1] Р.Қосбергенов. «Қарақалпақлардың Россияға қосылыўы». «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1972-жылы 206-207-бетлер.

ийе халықлардан екенлигин терең аңлап жетти. Әсиресе, қарақалпақлардағы бай мәдений, фольклор дәстүрлер менен әжайып лирикалық шығармалар зийрек талантлы Әжинияздьг жас ўақытларында-ақ әдебият пенен байланстырады. Әжинияз өмириниң усы әжайып дәўирлеринде де көп шығармалар жазыў менен машқул болды. Мәселен: «Йол болсын», «Гөззаллар», «Бир парий», «Бозатаўлы нәзалим», «Садақа», «Дилбарым» ҳәм т.б. көп лирикаларды жазды. Бул шығармалар сол дәўирлердиң өзинде-ақ халықтың Әжинияздағы дөретиўшилик ықлас ҳәм талантқа, оның келешекте шайыр болып жетисетуғынлығына исенимин оятты. Сол жыллардың өзинде Әжинияздың көп лирикалық шығармалары аўылдағы гештек, зыяпатларында жаңлап айтылды.

Ҳәтте аўылдағы бақсы, жыраўлардың репертуарларынан да орын алды. Әжинияз жас ўақытларынан илимге, әсиресе, музыкаға қызықты.Саз ырғақлары менен халық қосықларын атқарыў ҳәм жаңа шығармалар дөретиў үстинде көп изленди. Соның менен бирге ол мешиттеги халықтың қолларындағы жыйналған бар қол жазба байлықларды еркин оқыў ҳәм аўдарма ислерине айрықша кеўил бөлди.

Әжинияздың илимге тарийхқа әдебиятқа, философияға, математикаға, музыкаға, аўдарма ислерине қызығыўшылығын, оның ҳәр тәрепинен тасыған талантлын сезген Елмурат ахун Қосыбай ахун менен мәслаҳатласып баласын сол дәўирлердеги дүньяға белгили үлкен-үлкен қалалардағы медиреселерге оқыўға жиберип тәрбиялаў мәселелерин сөйлеседи. Әжинияздың әкеси баласы ушын бул мәселелерге қарсылық қылмайды. Елмурат ахун Әжиниязға Бағдат, Қырат, Станбул, Бухара, Хийўа, медиреселеринде оқып, оларды питирип тәрбияланып шығыўды нәсият етеди. Бул мәселеге тек бир Әжинияздың өзи ушын емес, халықтың, миллеттиң келешеги, оның бахыты-саадаты ушын керек екенлигин дәлиллеп көрсетеди. Устаздың бул усынысы жас Әжиниязға да, әкеси Қосыбай ахунға да унайды. Әжинияз устазының нәсияты бойынша ол бул уллы илим орайларында барып оқыўды әрман етеди. Әттең, Әжинияздың социаллық аўҳаллары оның үлкен уллы медиреселерге

барып оқыўға мүмкиншилик бермейтуғын еди. Әжинияздың әкеси улама ахун адам болған менен аўылдағы өз күнин өзи көрип отырған орта хожалықлардан бир еди. Бул ҳаққында Әжинияздың өзи де өз шығармаларында бир нешше мәретебе жазады.

Мысалы: Таў басынан ақса ағыш,
Төменини сел қылады.
Йоқшылықтан аққан көз яш,
Румалымды ҳөл қылады.[1]
* * *
Көңлимдә ғам, дәрди әлем,
Сөзлесем шықар дәмбе дәм,
Маңа сөзден башқа игәм,
Ҳеш нәмәрсә берән йоқты.[2]
* * *
Дүньяда Зиўардек дәртли киси йоқ,
Бийдәртлердиң аның билән иси йоқ,
Жалғаншыда зәрре куңил хошы йоқ,
Мәзи тақыр-тақыр тили болмаса.[3]
* * *
«Жоқшылықтан ҳәрдем шекер заҳмети»[4].

Бул дәўирлерде қарақалпақ халқының да сиясий жәмийетлик жағдайлары жақсы емес еди. Себеби, 1827-жылғы халық азатлық гуреслери қан менен басылып, Айдос бийдиң басы алынып, көтерилисти басқарған көп қарақалпақ бийлери өлтирилген еди. Хийўа ханлығы менен халықта қатты сиясий кескин жағдайлар өмир сүрип турған дәўирлерде болды. Соған қарамастан, ел ишинде ғәрезсизлик ушын келеси гүреслерге таярлық көрилди. Бул нызамлы да қубылыс еди. Өйткени, XIX әсирдиң орталарындағы халықтың тарийхый, сиясий, социаллық жағдайлары соны талап етти. Хийўа ханлығы қарақалпақларды өз сиясатына қарсы бас көтерген, гүреслерде жеңилген халық деп қатты қарады. Салықты да басып салды. Ҳәтте, қарақалпақ бийлерине ҳәмме ўақытларды гуман менен қарады. Наразылықлардың келип шығыўы XIX әсирлерде Хийўа ханлығына қарағанға шекем халық ханлықтан

---

[1] Әжинияз Зийўар Таңламалы шығармалары «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1988-жыл 40-бет.
[2] Усы топламда 52-бет.
[3] Усы топламда 86-бет.
[4] Усы топламда 81-бет.

экономикалық жақтан ғәрезсиз жасаған, өз күнлерин өзлери көрген, ханлық тәрепине оларға ҳеш қандай жәрдем болмаған. Ал, Хийўа ханлығының қарамағында ол, Хийўа ханлығының пухарсы болғанлығы ушын халыққа қайта салықты басып салған. Бирақ бул әсирдеги оғада кескин ўақыяларға қармасатан Хийўа ханлығындағы халықлар менен қарақалпақлар арасында тығыз экономикалық ҳәм мәдений байланыслар ҳеш тоқтамайды. Қәлеген қарақалпақ жаслары Хийўа, Гөне Ургенш медреселерине барып оқыйды.

Арал бойындағы еллерге Шығыс халықлары мәдениятың тарқатыў дәстүрге айланыўын даўам етеди.[1] Әжинияз өзиниң социаллық жағдайларына байланыслы егер узақ еллердеги мәселен, Туркиядағы, Станбулдағы, Бағдадтағы, Қыраттағы атақлы медреселерге барып оқый алмағанлығы менен ҳәр қандай сиясий жағдайларға қармастан узақ ўақытлардан берли Орайлық Азия еллери арасындағы даўам етилип киятырған илимий, мәдений, әдебий байланыслардан пайдаланыўды мақул көрди. Бул мәселени Әжинияздың әкесиде, Елмурат ахунда, оның досларыда қоллап қуўатлады.

## ӘЖИНИЯЗДЫҢ ХИЙЎАДА ОҚЫҒАН ЖЫЛЛАРЫ

1839-жылы 15 жасында Әжинияз сол дәўирдеги Хорезм пайтахты Хийўа медреселериниң бирине оқыўға барып кирди. Ол сол дәўирлердеги атақлы Қутлымурат инақ медиресеси еди. Әжинияздың Хийўаға барған, медресеге кирген дәўирлеринде, XIX әсирдиң орталарында, Хийўа, Хорезм ең үлкен илим орайларынан бири еди. Ол жылларда Хорезмде, Хийўада, гүлленген дәўирлери, музыка әсиресе, халық театрларының жақсы раўажланған, ҳәўижге шыққан жыллары болды. Және де бул жерде араб, парсы әдебияты ҳәм мәденияты дәстүрлериниң толық сақланған орынларының бири еди. Усы Әжинияз медиресеге кирген жыллары медиреселерде араб, парсы тиллеринен түрк тиллерине, соның ишинде өзбек тилине аўдарма жасаў дәстүрге айланған жыллары болды.

---

[1] Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымын XXI әсирге шекем «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис. 2003-жыл 24-бет

Және де Орайлық Азияда китапларды, бар қол жазбаларды қолдан қолға сулыўлап көширип жазыў ҳәм китап болып шығарыўда Хийўа оның Ўатаны деп танылып турған ўақытлар еди. Тағыда XIX әсирдиң орталарында Орайлық Азиядағы басқа халықларға қарағанда жазба әдебият бул жерде жоқары дәрежеде раўажланған болып: әдебиятта еки үлкен ағым бар еди. Бириншиси, әдебиятта патшалардың атланысларын, әскерий басшылардың сәркардалықларын ғана жазатуғын Мырза Масхий, Ниязмухамад Муни, Молла Нуриджан Халыс усаған үлкен шайырлар жәмәәти.

Екинши ағым Шермухаммед Мунис, Мухаммед Риза Агаҳий, Мухаммед Юсуп Баяний басқарған күшли демократик бағыттағы әдебий жөнелис ҳүким сүрди. Булар ол дәўирлерде пүткил Хорезмге танылған атақлы шайырлардан болды. Бул заманлар усы еки ағымның үлкен бәсекиге түсип турған дәўирлери еди. Әжинияз шайыр өзиниң жаслық, дөретиўшилик дүньясын Хорезмниң усы даңқы дүньяға тарап атырған үлкен мәдений ошағына апарып қосты. Әжинияз Хийўа медиреселеринде оқыған тоғыз жыллық өмиринде Хорезмдеги бул әжайып илим, мәдeният, әдебият, тарийх тәсиринде болды. Солай етип, биринши гезекте Әжинияз шайыр Хорезмдеги дерлик пүткил адамзатты илҳамландырыўшы руўхый шәшме менен суўғарылды. Әжинияз шайыр усылайынша жас ўақытларынан-ақ Хорезм цивилизациясының гүллеп раўажланыўына өз үлесин қоса баслады. Сол себепли де мәдeният ошағы Қарақалпақлар жери, Хорезм топырағы перзенти екенлиги менен мақтаныш етти.

Ол Хийўада медиреседе оқып жүрген жылларда илимниң мәдeният дегенниң не екенлигине түсинип жетисти. Ол медиреседе тарийх, мәдeният, математика, медицина, музыка, эстетика, философия, астрономия, остpология илимлерин қунт пенен үйренди. Әсиресе, бул илимлерди үйрениўде, оларды ийелеўде туркий тиллерден тысқары, көп тиллерди билиў керек екенлигине де көзи жетти. Сол ушын ол медиреседе аўдарма мәселелери менен көп шуғылланды. Ол араб, парсы, түрк ески Хорезм ҳәм грек тиллерин үйренди.

Экспедиция дәуирлеринде елде көп адамлар Әжинияз бул тиллерден тысқары орыс тилин де жақсы билетуғын еди деп мағлыўмат береди.

Әжинияз шайыр Қосыбай улы бул уллы дәргақта жетик ахун, тилинен палы тамған шайыр да болып жетисти. Әжинияз Хийўада оқып жүрген жыллары медиреседе Орайлық Азия, Аўғанстан, Пакистан, Иран, Ҳиндистан, Индонезия еллеринен келип оқып атырған тәлиб-илимли жаслар кеште жатақханада жийи-жийи өткерилип туратуғын шайырлар жарысына (мушайрасына) қалмай қатнасады. Ол жерге көбинесе, көп жағдайларда ири белгили алымларда, шайыр, жазыўшылар да қатнасып, олар менен өз-ара пикирлерин ортақласып туратуғын болған. «Ал, бул медиреседеги шайырлар жарысына Агаҳийде қатнасады екен. 1950-жылларда экспедиция мағлыўматларында аўылларда бул ҳаққында ғаррылар көп айтатуғын еди. Көп жағдайларда Агаҳий Әжинияздың шығармаларында оқып шыққан».[1] Бунын себеплери болған. Әжинияз бир күни кеште Агаҳий қатнасып отырған шайырлар жарысында өзиниң «Оян» деген қосығын оқыған. Бул мушайраға қатнасып отырған ҳәмме адамларға Әжинияздың бул қосығы жағып қалған. Жәнe бир күнлери Әжинияз төмендегидей бир куплет қосық жазып, жатақхананың есигине илдирип қойған екен дейди:

Қасқалтаққа бир ағары май питсе,
Ғарқылдасып, қонар көлин танымас,
Патшаның дәўлети қайтайын десе,
Көзине май питип, елин танымас.[2]

Буны талабалар көрип, жүдә жақсы қосық екенлигин айтысып жүрген дейди. Бул гезлери Агаҳий Әжинияздың буннан бурынғы «Оян» деген қосығын еситип онда әдеўир шайыршылық таланттың бар екенлигин сезип, бир пикирлесип көриўди өз ойына алып жүреди екен. Ол бир күнлери медиресе талабаларынан: «Әжинияз деген жигит қалай?» деп сорап қалыпты. Сонда олар Агаҳийге: «ол жүдә зор әжайып инсан, тили сүжик шайыр деп жуўап берипти. Сол сәўбетте Агаҳий есикке жазып илдирилип қойылған төрт қатар қосық Әжинияздыки екенлигин билипти. Зийўари-деген сөз ҳәм

[1] «Сөйленбеген тарийх….» Роман. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис 1996-жыл 171-174-бетлер.

[2] Әжинияз. (Таңламалы шығармалары) Нөкис. «Қарақәлпақстан» баспасы, 1994-ж. 52-бет.

Нурсима гөззал, көрнекли, нур сәўлели, жүзинде нуры дегенди аңлатады: Ол Зийўар, Зийўари деп жуўап берипти. Усы Аҳагийдиң сөзинен кейин оған «Зийўар» деген қосымша ат қойылып, соң бул сөз оның атына өмир бойы әдебий тақаллус-лақап болып тиркелип кетипти. Агаҳий Әжинияз бенен буннан кейинде қызығып, оны бир нешше мәртебе сарайда өзиниң отырған жерине шақырып алып сөйлескен.

Қосықты қалай жазыў кереклиги жөнинде Агаҳий Әжиниязға талай-талай мәртбе жолдаслық мәслаҳатин берген, деген бул елде, халықта қалған гәплер, әлбетте, жаны бар гәплер. Әжинияз шайыр Хийўа медиресесин питкерип кеткеннен  кейин де, ол Агаҳий менен жақсы қатнаста болған. Бул жылларда қарақалпақ ахунлары менен бирге Әжинияз да бир нешше сапар Агаҳийдиң үйдиңде қонақта болған.[1] Улыўма Әжинияздың Хийўада медиреседе оқыған жыллары оның өмири ҳәр тәреплеме қызықлы мазмунлы, бай өтти. Ол Хийўада оқыған жыллары ҳәмме медиреселердиң талабалары миллетине, динине,  көзқарасына қарамастан, оқыў дизими ол жерлерде бирдей болғанлықтан, олар бир-бирлери менен үлкен дослық байланыста жасайды. Әжинияз медиреседе оқып жүрген жыллары араб, парсы, тәжик, ҳинди, түрк, өзбек, қырғыз, қазақ, ноғай балалары менен дослық байланыста жасады. Олардың Әжиниязға дүньялық көлемде халықлар дослығы мәселелерин түсиниўинде, олар менен қатнастың үлкен жәрдемлери тийди. Өз гезегинде Әжинияздың да оларға тәсирлери болды. Соның ушында Әжинияз Хийўа медиресесинде оқыған жыллары руўхый ҳәр түрли қызықлы, бай мазмунлы өмир кеширди. Бул жылларда ол көп шығармалар дөретти. Бул жыллардағы жазған қосықлардың ишинде журтшылыққа ең көп таралғаны «Әй алип» қосығы болды.[2]

Бул шығарма Әжинияз тәрепинен өзбек тилинде жазылды. Хийўада той мерекелерде, айрықша халық сейиллерде, қосықшы-сәзенделер бул қосықты үлкен йош пенен айтатуғын, ҳәмме қоллап қуўатлайтуғын, әсиресе, Хийўа

---

[1] 1957-жылғы Шымбай, Қараөзек, Тахтакөпир аймағына жүргизилген экспедиция материаллары. Тахтакөпир районы «Өзбекстан» совхозында жасаўшы Х.Абылаевтан жазып алған. Пиржан Ералиев.
[2] «Сөйленбеген тарийх…» роман.1996-жыл. 171-176-бетлер.

шәҳәриниң өзине көп таралған шығармалардан бири болды. Бул жағдай оның жаслық жыллары-ақ ҳақыйқый шайыр деп елге, халыққа данқының таралыўына себеп болған.

1967-жылы Қарақалпақ әдебияты ҳәм мәнелияты күнлери Хорезмде өткерилген сапары да бул тарийхый ҳақыйқатлықтың тағы бир гүўасы болдық. Хийўада медиреседе оқып жүргендеги ҳәммени таң қалдырған, ҳәтте, Агаҳийди лал қылған Әжинияздың сол жыллардағы төрт қатардан ибарат қосығы узақ жыллар Әжинияздың исми менен Хийўалылардың ядына шықпағанлығы ҳәм сол дәўирдеги дәрўишлердиң ел гезип турақлы айтатуғын ғәззеллериниң бирине айланған. Сол себепли Хийўада Қутлымурат инақ медиресесинде Әжинияға арнап музей шөлкемлестиргенде, Хорезмлердиң өтиниши менен музейге төрт шуўмақ усы қосығын жазып илдирип қойыўды мақул тапқан, ҳәм ол өлмес қатарлар бүгинги күни де саяхатшылардың дыққатын өзине аўдарып, Әжинияз шайырдың исмин тағыда ериксиз тәкирарлатады.

## ӘЖИНИЯЗДЫҢ ХИЙЎА МЕДИРЕСЕСИН ПИРКЕРИП КЕЛГЕННЕН КЕЙИНГИ ЖЫЛЛАРЫ

Әжинияз Хийўа медиресесин питкерип елге билимли, илимли, ахун, жәмийетшилик мойынланған шайыр дәрежесине жетисип келди. Әжинияздың Хорезм мәденияты ишинде болып билим алыўы шайырдың өмирине көп нәрселер береди. Ең баслысы илимниң, әдебияттың, мәденияттың халықтың руўхый санасына тәсир ететуғынлығын, елди халықты раўажландырыў ушын қандай әҳмийети барлығына толық түсинеди. Ол елине келиў менен бирге қолынан келгенинше халқына илим ҳәм миллий әдебият ҳәм мәдениятына хызмет қылыўға кириседи.

Енди халық Әжиниязға исенеди. Оны медиресе питкерген ахун, оқымыслы алым, Хорезм, қарақалпақ журтында әдебият майданында көзге көринген тулға ретинде ҳүрмет етти. Қосықлары халық бақсы-жыршыларының репертуарларына енисип кеткен, оның әжайып лирикаларын

еситип атырған халық, Әжинияздың әдебият, мәдения майданындағы барлық адымларын қоллап қуўатлады ҳәм оған тәрбияланып жетискен ел перзенти деп үлкен үмитлер менен қарады. Бул дәўирлердеги Әжинияздың келбетин, сын-сымбатын ел, халық былай деп көз алдыларына келтирер еди: Әжинияз ат жақлы, узын бойлы, сулыў, сазенде, хош ҳаўаз адам еди. Ол атақлы «Бозатаў» поэмасының намасын өзи шығарған.[1]

Хийўа медиресесин питкерип аўылға келгеннен кейин әкесиниң мешитинде имам болып бала оқытқан, ол Хорезм жазба әдебияты ҳәм мәденияты дәстүрлери тәсиринде миллий қарақалпақ әдебиятын раўажланыў ҳәм байыўына белгили дәрежеде үлес қосты. Ол миллий әдебиятты ҳәм мәдениятты байытыўға шынтлап кирисьи. Көп әсирлер қарақалпақ әдебиятына дәстүр болып келген араб, парсы әдебиятларының жақсы раўажланған поэзия түрлерин, мәселен: мухаммес, руўбайы, ғәззел, тәрийип усаған қосық үлгилерин қарақалпақ поэзиясына алып келип қосты, жәнеде оларды миллий әдебият негизинде толық раўажландырыў мүмкин екенлигин көрсетти. Бул әдебиятлардағы дәстүрлер ҳақыйқаттан да қарақалпақ поэзиясын түр ҳәм жанрлар мәселесинде раўажландырды ҳәм байытты. Ол саўатлы ҳәм талантлы шайыр болғанлықтан миллий әдебиятты қалай жазыў керек, не ушын жазыў керек деген мәселелерге де үлкен итибар берди. Ол ҳақыйқаттанда илим менен поэзияны бириктирди, поэзия менен дүньяны, адам өмирлерин талқылады. Көркем шығарма менен халыққа хызмет етиўдеги шайыр әрманларын, халық ойларын, халық муддәҳасын жазыў шеберликлерин көрсетти. Әжинияз дүньяны көркем әдебиятта, әсиресе, поэзияда илимий философиялық көз-қарастан талқылап көрсетиў мүмкин екенлигин шығармаларында толық дәлилледи. Поэзия арқалы ел менен, халық пенен сөйлесиўлери, адам ҳәм жәмийет қандай болыўы кереклиги ҳаққындағы машқалаларды сөз етиўи жағынан туркий халықлардағы уллы жол салып өткен Хожа-Ахмед Яссаўий, Бақырғаный, Саадий, Низамий,

[1] Н.Дәўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы 3 том. II-Ш-бөлимлер «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери», «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1979-жыл 72-бет.

Жәмий, Наўайы, Физулий, Мақтумқулылардың шайыршылықта тек шәкиртти ғана болып қалмастан, Әжинияз бул уллы адамлардың илимдеги әдебият ҳәм мәдений дәстүрлерин XIX әсирде, миллий қарақалпақ әдебияты майданында даўам еттирди. Бул дәстүр ҳәм тәжирийбелер Әжинияздың заманлас шайырлары ушында олардан соңғы әўладларға да дәстүр болыпта даўам етилди.

Әжинияз шайыр XIX әсирдиң орталарында елинде ғана емес, улыўма сол дәўирлердеги туркий халықлар жәмийетлик тарийхый ҳәм мәдений өмирлеринде белгили улама ахун, әдебият, мәдения ғайраткерлери болып жетисти. Әжинияздың улама, ахун шайыр деген аты ҳаўазасы путкил туркий халықлар болған өзбек, қазақ, қырғыз, туркмен, әзербайжан, ноғай халықларына тарады. Ол бул әсирлерде уллы алым адам сыпатында өзине жүкленген ўазыйпаларды түсинип, илим ҳәм әдебият майданында көп жумыслар иследи. Әсиресе, ол халықлар дослығы мәселелерине айрықша кеўил бөлди. Ҳәмме халықларға илим, әдебият, мәдения теңдей хызмет қылытуғынлығын түсинген шайыр басқа халықлардағы илим, пән, әдебият, мәденияттың жетискенликлери менен өз халқын бул жыллары таныстырыўды да өзине мақсет етип қойды. Бундай жоллар менен халықлар дослығын орнататуғынлығын ҳәм беккемлейтуғынлығына исенеди. Халықлар дослығын раўажландырыў менен ҳәр бир халықтың өз миллий әдебияты ҳәм мәденияты өсип, нызамлы түрде олардың байып баратуғынлығын, ол өзи жасаған дәўирде-ақ еллерге, халықларға көрсетпекши де болды. Әсиресе, бул жоллар менен улыўма түркий халықлар әдебияты ҳәм мәдениятының раўажланып, байып баратуғынлығын, сол арқалы адамзат ушын хызмет қылатуғынлығын, оның дүньялық мәдений хорының байыўына алып келетуғынлығын Әжинияз XIX әсирде билип қарақалпақ жеринде әдебият мәдения майданында саналы ҳәм жемисли хызмет еткен көркем сөз шебери. Өйткени, шайыр XIX әсирдеги басқа шайырлардай тек талант ийеси болып қалмастан, ол жетик ойлы, оқыған, медиресе питкерген, өз заманының уллы данышпаны. Ол араб, парсы, турк тиллерин жақсы ийелеген, Хорезм цивилизациясының барлық

жетискенликлери менен суўғарылған. Шығыс әдебияты оның классиклери болған Руўдаки, Фердаўсий, Саадий, Ҳафыз, Шеразий, Наўайы, Физулийлардың әдебият, мәдeният дәстүрлеринде тәрбияланған.[1] Оның үстине ол Хорезм илим, пән, мәдениятында тәрбияланып дүньяда ҳеш бир халық әдебияты басқа халықлар әдебиятлары менен байланыспай, олардың жетискенликлерин үйренбей, олардан тәсирленбей я оларға өзлериде тәсир етпей өз алдына әдебият болып жасап раўажланбайтуғынлығын терең түсинип билди. Сол себепли Әжинияз шайыр өзбек, қазақ, парсы, араб тиллеринде де көп шығармалар дөреткен.[2] Ҳәтте ол Наўайы, Мақтумқулылардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарған. Солай етип шығыс халықлардың көркем сөз байлықларын өз халқына жеткериўди мақсет етип жасаған.

1940-жылларда алым  Н.Дәўқараев Әжинияз мийрасы ҳаққында, шайырды көрген, оның менен бирге болған (урыўы қәндекли Яҳия молла, терис тамғалы 93 жасар Қутлымурат беглер беги) адамлардан Әжинияз шайыр ҳаққында алған мағлыўматларда:. «Әжинияз аўдарма ислери менен де көп шуғылланған. Әсиресе, ол бул мәселеде жәҳан тиллерине аўдарылып дүньяға кең таралған атақлы шығыс халық дәстанлары болған: «Ғәрип-ашық», «Саятқан-Хамра», «Ғөруғлы», «Шахнама» усаған уллы дәстанларды қарақалпақ тилине аўдарған», деп көрсетилген. XIX әсирде өз халқын дүнья халықларына ортақ болған мәдeният маржанлары менен таныстырған Әжинияз жетик алым ҳәм шайыр болған.[3] Әжинияз шайырдың дүньялық мәдeният тарийхындағы уллылығыда усында болды. Мине, Әжинияз шайырдың дөретиўшилик мийрасын үйренгенде ҳәм изерлегенде оның илим ҳәм мәдeният тарийхындағы тәреплери еле ашылмай киятыр. Әжинияз шайыр дөретиўшилиги ҳаққында қанша изертлеўлер болғаны менен усы ўақытларға шекем шайырдың туўылған, өлген жыллары анықлаўлар менен машқул болып, шығармаларының басқа еллерге болған саяхатларын шамалап гәп

[1] Н.Дәўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы 3 том. II-Ш-бөлимлер «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери», «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1979-жыл, 83-бет.
[2] Сонда, 13-бет.
[3] Н.Дәўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы 3 том. II-Ш-бөлимлер «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери», «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1979-жыл 13-72-бетлер.

етиўлер менен шекленген мийнетлерге ийе болып киятырмыз. Расын айытқанда, илимпаз Нажим Дәўқараевтың 1950-жылларға шекемги Әжинияз дөретиўшилиги бойынша жасаған изертлеўлеринен артық илимпазларымыз гәп айталмай киятыр. Демек, Әжинияз творчествосы ҳаққында еле толық жуўмақланған биографиялық изертлеўлерге ийе емеспиз. Тек биреўин-биреўи қайталаўшы изертлеўлерге ийемиз. Биз Әжинияз шайыр өмирине, мийрасына байланыслы кемшиликлерди толықтырыўды бул жумысымызда нийет еткенбиз. Әжинияздың өмири оның творчествосын, жасаған жәмийетлик мәдений орталығы менен байланыстырып изертлеў ғана илимге дурыслы бағдарлар беретуғынлығы сөзсиз. Себеби, дөретиўши инсанға дәуирдиң тәсири, онында өз заманына болған хызмети, ўақыттың оған қойған талабы ашылмай турып өткен әсирдеги Әжинияз мийрасы ҳаққында жуўмақ шығарыў қыйын. Әжинияздың илим, пән, әдебият, мәдeният мәселелери халық ийгилигине жумсаў ушын бәнт болған ўақытлары қарақалпақлардың тарийхый-жәмийетлик, сиясий жақтан жүдә ҳәм кескинлескен дәўирлерине туўра келди. XIX әсирде қарақалпақлар толығы менен Хийўа ханлығына бағындырылып; Хийўа сиясаты менен жасайды. Ал, XIX әсирдиң орталарында Хийўада Мухаммад Әмин хан болып турған дәўирлерде (1845-1855-жылларда) Хийўа ханлығында аўыр кескин жағдайлар пайда болды. Он жыл даўамында ханлықта удайына жаўгершиликлер жүз береди. Сол себепли халықта салықтың муғдары көбейеди. Хийўа ханлығында тез-тез сиясий өзгерислерде пайда болғанлығы мәлим. Мәселен: 1855-1858-жылларда Хийўаның үш ханы-Мәдемин хан, Абдулла хан, Қутлымурат хан өлтириледи. Бул халықтың жәмийетлик ҳәм руўхый турмысына үлкен тәсир жасайды. 1855-жылдың гүзинде қарақалпақ аймағында жасаўшы қарақалпақлар менен бирге Хийўа ханлығына қарсы өзбеклердиң, туркменлердиң халық азатлык көтерилиси келип шығады. Буған Қарақалпақстан аймағында жасаўшы Урал қазақлары да қосылады. Көтерилис үлкен массалық жәмийетлик-сиясий сыпат ийелейди. Бундағы жасаўшы халықлардың тийкарғы мақсети Хийўадан бөлиниў, өз алдына қарақалпақ ханлығын дүзиў, өз мәмлекетшилигин тиклеў

болады. Бул көтерилистиң басында қолдаўлы Ерназар алакөз турады. Усы үлкен массалық масштаблы характер ийелеген бул көтерилиске сол жыллардағы халықтың барлық қатламалары қатнасты. Бирақ, көтерилис 1856-жылы 12-июнь да Хийўа ханлығы тәрепинен қан менен бастырылды. Көп узамай 1858-1859-жыллары Қоңырат ўәлаятындағы жасаўшы қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар ҳәм туркменлер Хийўа ханлығынан бөлинип шығып өз алдына мәмлекет болыўды мақсет етеди. Булда жүзеге аспай, қан менен бастырылады. Әжинияз шайыр өз елиниң ишинде болып атырған усы тарийхый, сиясий үлкен ўақыялардың өзегинде жасайды. Бул әсир Хорезм халықлары өмирлеринде үлкен гуреслер әсири болып, әсиресе, 1855-1856-жыллардағы халық азатлық көтерилисиниң шөлкемлестириўшилериниң бири Әжинияз еди. Ал, 1858-1859-жыллардағы Қоңрат көтерилисиниң ишинде тиккелей шайырдың өзи қатнасты. Жаў шапқан халықлардын ишинде халық пенен бирге жүрген ол Бозатаў қырғынын өз көзи менен көреди. Ҳәтте гейпара мағлыўматларда Бозатаўды жаў шаўып, оның халқын Иран, Ирак, Гуржестанға айдап қул қылып сатылғанда Әжинияз солардың ишинде, жаўға бәнде болып түсип, ат алдында айдалады. Аныға Әжинияз Туркмен ишинде Қара жыңғыл деген жерде жаўға бәнде болып түскен, қамап қойылған халық пенен сол жерде бирге болады. Жаў алдына салып айдап баратырган түркмен нөкерлерине ол: «Бул адамлар, жазықсыз адамлар» деп түсиндирмекши болды. Айдалған халық пенен баратырып ядтан «Бозатаў» дәстанын шығарып бозлап оны гә қарақалпақша, гә түркменше барынша гә саз даўысқа салып айтқан. «Бозатаў» қосығын жаў алдында адамларға үйретип, айтып, ядылатып жүрген. Сол себепли елде «қосықты Әжинияз жаў алдында айдалып баратырған адамларға үйретип, айтып жүрди»-деген гәп бар.

Ол жаў алдында айдалып баратырып түркмен нөкерлери менен түркменше қосық пенен айтысқан. Әжинияздың саўатлы адам екенлигин билип, түркменлер өзлериниң ханы Атамурат ханға: «Мына бенде болып қолға түсип айдалып киятырған адамлардың ишинде, тап бизиң Мақтумқулыдай бир шайыр адам бар екен»-деп хабарлаған. Буны еситип

Атамурат хан оның менен қызығып Әжинияздı алдына шақыртып алдырған. Оған: «Сен, қарқалпақ, өзиң жаў шаўып бенде болып қолға түскен адамсаң. Тилиңди тыймасаң, қырылып кететуғынлығыңды билмейсеңбе?»-деп дәпинген. Сонда Әжинияз Атамурат ханға: «Қарақалпақлар түркменлерден ҳеш ўақытларда қырылмаған. Қырылған да жери жоқ. Қайта сиз өзлериңиз қырыласыз. Тарийхыңа бир қара? Қарақалпақларда «Түркмен қырылған» деген орын үш жерде бар. Сениң аймағыңда «Қарақалпақлар қырылған» деген ҳеш жерде жоқ!»,-деп жуўап берипти. Хан бул гәплерди Әжинияздан еситип:-«Бул өлседе тилин тартпайтуғын адам екен. Кеўлине алғанын айтатуғын мәрт екен. Буны барлық бирге жүрген адамлары менен босатып елине қайтарыңлар?!»-деп пәрман берипти. «Қаражыңғыл» деген жерге барған қарақалпақларды түркменлер босатып қайтарыпты деген елде әпсанаға айланған гәплер бар. XIX әсирдиң ортасындағы 1855-1856-жыллардағы ҳәм 1958-1959-жыллардағы бул ҳәдийсениң қарақалпақлар жериндеги халық азатлық гүреслериниң ўақтында үлкен тарийхый әҳмийетке ийе болғанлығы сөзсиз. Биринshiден, халықлардың биригип ҳәр қандай әдәлатсызлықларға қарсы гүреслери Хийўа ханлығы тахтын титиретти. Ханлық сиясатта миллетлер арзыў әрманларын есапқа алып жумыс ислемесе, болмайтуғынлығын көрсетти. Екиншиден, халықлар бирлессе, ҳәр қандай жаўызлықларға тыйым салаалатуғынлығы көринди. Үшиншиден, бирigип бир мақсет ушын гүрес, еркинликке, азатлыққа жететуғынлықларына халықлардың өзлериниң де көзлери жетеди. Бул гүреслер қарақалпақлар тарийхында XIX әсирде белгили дәрежеде халықтың санасында үлкен умытылмастай из қалдырды.

Мине, усындай тарийхый ўақыялар, әлбетте, уллы шайырдың руўхый дүньясына қатты тәсир ететуғынлығы сөзсиз. Ҳәтте, белгили дәрежеде көз-қарасларын да қәлиплестирип, дөретиўшилик бағытын да өзгертер еди. Сол ушын да оның руўхый дүньсының жемислерин оның жасаған жәмийетлик орталығы менен қосып изертлеген дурыс деп есаплаймыз. Ҳақыйқаттанда, XIX әсирдиң 60-жылларынан кейинги Әжинияздың жекке өмиринде де,

дөретиўшилик хызметлеринде де үлкен-үлкен өзгерислер болғанлығы ол қалдырған мийраста анық көринеди.

## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫРДЫҢ БАСҚА ЕЛЛЕРГЕ САЯХАТЫ

*Бүлбилди зар етип шайда гүллере,*
*Мәжнүндек айдабан шөлден-шөллерә,*
*Несийбем көп шашып ғайры еллерә,*
*Шөплеп болдым десем, тамам болмады.*

*Әжинияз*

XIX әсирде жасап өткен қарақалпақ классик әдебиятының барлық үлкен ўәкиллери Кунхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шайыр өмири олар жасаған тарийхый орталық, жәмийетлик, сиясий, социаллық қубылыс жағдайлары менен тиккелей байланыслы болды. Себеби, олардың творчестволары өз заманының тарийхый шәриятларынан, сиясий социаллық жағдайларынан нәр алып азықланады. Оларсыз көркем шығармалар дөрелмейди де. Себеби, жәмийеттен бөлек, дәўириниң сиясатынан өзге, социаллық жағдайлардан тысқары, елдиң руўхый өмиринен ажыралған әдебияттың, мәденияттың болыўы да мүмкин емес. Өйткени, шайырға заманы, жасаған жәмийети тема ҳәм идея береди. Сонлықтан да олардың творчестволық өмири, руўхый дүньясы өз дәўирлеринде жүдә бай ўақыялар менен жасайды. Бирақ, соған қарамастан, XIX әсир қарақалпақ әдебият тарийхындағы өткен классиклердиң ҳәр бириниң жеке турмысында Фердаўсийдиң, Наўайының, Бабурдың, ҳәм т.б шайырлардың өмирлериндей бүгинги күнги әўладқа үлги болғандай бай тәкирарланбас өмирбаянды көремиз. Өмирдиң өзинен дөреген тәғдирлер, әлбетте кимлер тәрепинен жаратылады. Шайырлардың өзлеринен бе я изертлеўшилерден бе? –деген сораўлар турады. Ҳәзир ол туўралы изертлеп сөз етиўдиң кереги бар ма? Әлбетте буған соңғы XX әсирдеги жәмийетлик қубылыс себеп болған да шығар?!

Бәлким олардың өз заманыда өмир тарийхлары туўралы, өмирбаянлары жазылып қалмағанлықлары себеп болған шығар. Қандай жағдайда да үлкен

бир әсирлик жәмийетлик тарийхтың бир бөлегин қурап турған, XIX әсирде миллет мәденияты, тарийхы болып есапланған, уллы шайырлардың өмирбаянларын өз заманына ылайық асырмай да, кемситпей де жасап шығарыў ҳәмме ўақытлары да соңғы әўладлардың ўазыйпасы болып келген. Бирақ, дәўир талап еткен көзқараста ҳәзирге шекем, инабатлы ис әмелге аспады. Биз бүгин Күнхожаның, Әжинияздың, Бердақтың, Өтеш шайырлардың шығармаларында баянланған өмир жолы арқалы XIX әсирдеги халқымыздың өмир тарийхының қандай болғанлықларын көз алдымызға келтиремиз. Олардың шығармаларында турмыс шынлығы сәўлеленип қалмастан, сол дәўирлердеги миллий азатлық ушын гүрескен үлкен алдынғы қатардағы зыялыларының басынан кеширген ўақыяларға қарап, сол әсирдеги елдиң илим, мәденияты, социаллық санасы, руўхый күш-қудиретлиликлери қанша дәрежеде болғанлығын көремиз.

Бундай пикирлерди баянлаўымыздың тийкарғы себеби, олар белгили дәўирде өшпес шығармалар дөреткен. Ал бирақ, ҳәзир олардың «заман талабына сай дөрелген» өмир тарийхларын оқысақ оғада әпиўайы, қәйткенде де олар бизге өлмес мийрас қалдырған талант ийесине усамайтуғындай. Илимий мийнетлер менен оқыў сабақлықларында бундай әпиўайыластырыў XX әсирдеги ҳүким сүрген жәмийетлик сиясат ушын оғада зәрүр еди. Сонлықтан да «Бердақ шайыр мал баққан, әкеси, өзи киси есигинде жүрип зорға күнелткен. Өмирде бир тапқаны бир тапқанына жетпеген...». Бирақ, Бердақ шайыр Хорезм халықларының тарийхын, «Қарақалпақ Шежиресин» жазған. Нешше жүзлеген лирикалық, нешше-нешше дәстанлық шығармалар авторы. Өз заманында қарақалпақ әдебий тилиниң тийкарын салған. Сол сыяқлы Әжинияз да әптадалықтан, жүдәлықтан зордан күнелткен...

Дурыс, қайсы дәўирде де дөретиўши инсан ушын өмир сүриў аңсат, оңай болған емес. Деген менен Әжинияз үлкен ахун аллама болған. Оның өмирбаянын әпиўайыластырып жибергенбиз. «Ол қыздың себебинен бир күнде елинде түней алмай қазақ, башқурт, орыс жерлерин гезип қыйыналып күн кеширген…» Мине гилең усындай иснимсиз қәлпеки өмирбаян ойлап

тоқылып жазылған. Ҳақыйқаттан да шайыр шығармаларына баҳа берместен алдын, творчество хызметкериниң өзи жасаған, тәрбияланған жәмийетлик қурылысы шеңберинде өмирбаяны ҳаққында мағлыўматларды дурыслап алыў шәрт. Соннан кейин шахстың дөретиўшилигиниң барлық даўамы, нызамлы рәўиште, усыған қарап раўажланады. Биз усы мақсетте Әжинияз шайырдың өмириниң соңғы дәўирлериндеги бар фактлер менен толықтырып сөз етиўди мақул көрдик. Және де оны «Әжинияз шайырдың басқа еллерге саяхаты» деп атадық. Ҳәзирге шекемги бар изертлеўлерде «Әжинияз шайырға әкеси атастырып қойған қызы болған. Медресени питкерип келгеннен кейин оған үйленбеген, басқа қызға үйленип кеткен. Қызы болса бир күнлери аўылдан жоқ болып кеткен. Қыздың ағайинлери «қызды сен өлтирген сең» деп Әжинияздан қун талап еткен. Ол қунды төлей алмаған, шайыр «қыз тири, мен оны таўып келемен» деп, сол қызды излеп бир нешше жыллап қазақ далаларында, ноғай, башқурт, орыс жерлеринде болған. Соның себебинен елге көп жыллар келе алмай жүрген. Жүдә қорланған.[1] Мүмкин, Әжинияз шайырдың өмиринде қун төлеў дөҳметлери болған да шығар. Бирақ, бунының себебинен көп жыллар елин, халқын таслап, үлкен сергизданлыққа түскенлигине гуман туўады. Ҳәмме ўақытларда уллы творчество ийелериниң жекке өмирлери, ҳәтте, оның дөретиўшилик мийнетлери ҳаққында гәп еткенде, биринши нәўбетте, оның барлық жекке өмирине, руўхый мәдениятына тәсир еткен оның жасаған тарийхый жәмийетлик сиясий орталығы менен гәп еткен илимде бираз дурыслыққа алып келеди. Усы көзқарастан қараганында, XIX әсирдиң орталығы 1845-1850-жыллар қарақалпақ халықы турмысында қатты қыйын жәмийетлик жағдай ҳүким сүрди. Халық еки мәртебе 1855-1856 жыллары, және де 1858-1859-жыллары өзлериниң бирге жасап атырған халықлары өзбеклер, қазақлар, түркменлер менен бирге өз ғәрезсизлиги ушын, өз мәмлекетшилигине ийе болыў мақсетинде, Хийўа сиясатына қарсы гүреслерге шығады. Бирақ, барлығыда

---

[1] .Н.Дәўқараев. Шығармаларының толық жыйнағы 3 том. II-Ш-бөлимлер «Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери», «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис-1979-жыл 72-89-бетлер. А.Муртазаев. «Шайырдың муҳаббаты» «Қарақалпақстан» 1988-жыл. 80-бет.

жеңилис пенен, үлкен қан төгилиўлер менен питеди. Бул ғәрезсизлик ушын гүреслерде усы дәўирлерде жасаған ҳәмме шайырларда қатнасты. Ҳәтте, олар халық азатлық гүреслерин шөлкемлестириўшилердиң, гүреслерде үлкен мақсетке ерисиўге тилеклеслердиң, оның үгит-нәсиятлаўшыларының бири болды. Халықтың бул мақсетлери орынланбай қалғаннан кейин Хийўа ханы тәрепинен ғәрезсизлик ушын бас көтерген, жеңилген халык деп қарақалпақларды дым аяўсыз жазалады. Биринши нәўбетте, көтерилис басшыларын, оның идеологларын қатты жазалаўға өтти. Халыққа үлкен жоғалтыў усы болды. Аяўсыз жазалаў бир нешше жылларға созылып кетти. Әжинияздың шайыршылық дәўирлериниң гүлленген ўақытлары усы жылларға туўра келди. Халық тийкарғы мақсетлерин орынлай алмай қалса да, халықлық процесс буратала  бузылып кеткен жоқ. Қайта келеси гүреслерге қандай жобаларда жетисиў мүмкин екенликлерин ойлады. Елдиң Әжинияз усаған үлкен билимли, тәжирийбели зыялылары қоңсы халықлардың жәмийетлик қубыслысларын, социаллық аҳўалларын көриўге, олардан тәжирийбе үйрениўге, олардың бул мәселелерде дәстүрлерин көриўге мәжбүр болды. Бул бурыннан соңға илим адамларының, биринши нәўбетте шайырлардың, ел басқарған үлкен тәжирийбели адамлардан қалған жоллары еди. Бундай излениўлер тарийхта халықта бар процесс еди. Бундай жағдайлар Фердаўсий, Фарабий, Саадий, Нызамий, Наўайы, Физулий, Мақтумқулыларда да болғанлығын көремиз. Сол әсирлердеги жасаған барлық халықлардағы творчестволық хызметлердиң ҳәтте, Ахмед Югнаки, Хорезмий, Лутфий, Мәшрап дәўирине тийисли өмир тарийхларын оқып көрсеңлер, бундай ўақыялар дерлик барлығында ушырасады. Бул илим үйрениў, тәжирийбе арттырыў, басқа халықлардың жәмийетлик сиясий дәстүрлериндеги бар жақсы үлгилерди өз елине алып келиў, халықты оятыў, рухландырыў, елге халыққа өзге еллерде бар жаңа жолларды көрсетиў усаған дәстүрлерге айланған қубылыс болды. Бул биринши нәўбетте халық мәпинен келип шығып исленетуғын шаралар еди. Әжинияз шығыс халықларындағы усы дәстүрлерди басшылыққа алған ҳалда, ол қоңсы халықларға саяхатқа шықты.

Бул оның мақсетли, жобалы саяхаты болды. Ол өзбек халқынан, қырғыз, қазақ, далаларынан, башқурт татар, орыс халықларынан қалыңлығын излеген жоқ. Ол, сол халықлардан өзиниң ойына алған мақсетлерин, өз идеалын изледи. Ең баслы мәселе, Әжинияз шайырдың өмирин үйренгенде шайырда өзине шекемги уллы талант ийелериниң дәстүр, тәжирийбелери, олардан үйрениў басым көринеди. Және де Әжинияз усаған уллы твочество ийелери ел гезип, дүнья көрип, басқа халықлар өмирлери менен танысып илим, пән, мәденияттың әдил, әдәлатлылықтың қайсы жерлерде, қайсы халықларда бар екенлигин көрген. Ол көргенлерин өз елине, халқына айтып келген, алып келген. Усы дәстүрлер Әжинияз шайыр өмир дөретиўшиликлеринде де көринеди. Бирақ, бул оған аңсатлыққа түспейди. Әжиниязда өзиниң «Шықты жан» деген шығармасында ел гезиўдиң, халықлар турмысын көриўдиң, олардан әдәлатлылықты излеўдиң аңсат емес екенлигин айтады.

Мәселен: Тәкийә әйлеп ол халқыў әлемди мен еттим сапар…

…Гездим ол ноғай, орысты, ҳәмдағы Қыпшақ, Естек…

…Жақайым, Жекейни, гездим, қырғызыў уўақ билән,

Шылжыўыт, Шүйитни гездим ҳәм Тилеўқабақ билән,

…Ашшы ойыл, Кишик ойыл, Қобда, Елек, гездим Жайық.

Аҳ, дәрийға, ўақ дәрийғ, мыңсаны әрман шыты жан -деп көрсетеди. «Тапмадым мәҳбубымны гезип жаҳанды ҳеш хабар!»-деген қатарға қарап, көп адамлар Әжинияз өз қалыңлығын таппағаны ҳаққында анық айытқан-деп дәлийллемекши болады. «Мәҳбуб» деген сөз арабша, парсша «жақты», «Нур», «Жолкөрсеткиш жулдыз», ал туркше «Суйиклим» дегенди де аңлатады. Филология илимлериниң кандидатлары А.Каримов, А.Муртазаевлар таярлаған Әжинияз шайырдың 1988-жылғы «Таңламалы шығармалар»ының кейинги берилген сөзлигинде «Мәҳбуб» сөзи тек «Сүйгилик» деген сөз деп натуўры белгилеген.[1] «Мәҳбуб»-жақты нур», «жол көрсеткиш жулдыз» деген сөз. Әжинияздың басқа еллерге жасаған саяхатларындағы баслы мақсет, қалыңлығын қыдырыў емес, ал, жоғалған

---

[1] Әжинияз Таңламалы шығармалары. «Қарақалпақстан» Нөкис 1988-жыл. 144-бет.

адамның бунша узақ еллерге шығынып кетпейтуғынлығыда белгили. Оны шайыр биледи де. Шайырдың басқа еллерге саяхат қылыўындағы баслы мәселе өз елиниң көп жыллардан берли әдәлатсызлық, теңсизликтен қыйланып атырғанлықларын көрип, басқа еллерди аралап көзи менен көриў, оларда қандай жәмийетлик басқарыў системаларының барлығын жаны менен уғыныўды мақсет еткен еди. Оның шығармаларынан-ақ көринип турыпты, Әжинияз ҳәмме еллерде, ҳәмме халықларда да социаллық теңсизлик ҳүким сурип турғанлығын көреди. Ҳеш бир халықтың да сол заманда еркин жайнап-жаснап атырғанлығын көрмейди. Сол себепли де ол ҳеш жерлерде де, ҳеш бир халықта да әдәлатлылықты көрмегеннен кейин, ол: Ҳәмме жерлерди көрдим мен излеген жарық жол көрсеткендей жулдыз жоқ, ол жақты нур ҳеш жерде де жоқ деген жуўмақ шығарады. Ол заманларда ҳәмме еллерде, ҳәмме халықларда да социаллық теңсизлик өмир сүрип турғанлығын көрип: «Тапмадым маҳбубымды гезип жаҳанди ҳеш хабар, Аҳ, дәриға, ўақ, дариғ, мыңсаны әрман шықты жан!»-деп жазып жүргенлигиниң себеби усында. Ол өзиниң изленген үмитин, идеалын, күткен мәселелерин, ол излеген проблемалардың шешимин ҳеш жерлерден де, ҳеш бир халықтан да таппайды. Ол усының сергизданлығында болады. Шайырдың мақсетлери орынланбайды! Сол себептен ол: «Аҳ, дәрийға, ўақ дәрийғ, мыңсанлы әрман шықты жан» деп тәрийплейди. Мине, Әжинияз шайырдай уллы адамлардың ел, халық тағдирлери ҳаққында ойланыўлары, қыйланыўлары, шығарған жуўмақлары.[1] Соның ушында олардың адамзат ушын исленген бийбаҳа ислери, жазған шығармалары елимизде мәңги өшпес болып жасап қалып отыр. Оның шығармаларының өмиршеңлигиниң сыры да усында. 1958-жылы А.Кәримов, С.Нийетуллаев, Ю.Пахратдинов пенен Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан комплексли илим-изертлеў институтының илимий хызметкерлери март-апрель айларында еки ай даўамында Қазақстан, Түркменистан ҳәм Өзбекстан Республикаларындағы жасаўшы

---

[1] «Махамбет Өтемис улы шығармашылығы және қазақ әдебиети мәселелери» Ғылыми жанақ. Алматы, 2003. Абай атындағы Алматы университети. Қараңыз Қ.Жумажанов-Қарақалпақ аймағы қазақ ақын-жыраўлары шығармашылығына идеялық ықпал-әсири 23-28-бетлер. Ш.Аяпов-Қарақалпақ терме-толғаўлары және Махамбет поэзиясы. 29-32-бетлер.

қарақалпақлардың тарийхын, этнографиясын, мәдениятын, әдебиятын, тил өзгешеликлерин үйрениў мақсетинде арнаўлы экспедиция шөлкемлестирди. Сонда ең дәслеп Өзбекстан Республикасының барлық ўәлаятларында жасаўшы қарақалпақлардың көбиси менен ушырасып, ўазыйпа етип алған, керек деп табылған мәселелер менен бәнт болып, жазып алып, гүрриңлер жүргизеди. Ал, Түркменстан әтирапында болған ўақытлары қызық, тарийхый, әдебий бай материалларға дус келеди. Экспедициямыздың соңғы айында Қазақстан Республикасынын Қызыл Орда, Жамбыл, Алма-Ата ўәлаятларында болады. Қызыл Орда да көп қарақалпақлар менен ушырасады.

Әсиресе, Әжинияз шайырдың аты қазақ даласына жүдә кең таралғанлығының гуўасы болдық. Дерлик, бул ўәлаяттағы қазақлар Әжиниязды олар қарақалпақлардың да, қазақлардың да шайыры деп таныйды екен ҳәм олар Әжинияз шайырдың аты менен мақтаныш етеди екен. Түркстан әтирапындағы қазақлар арасында «Әжинияз қарақалпақлардың ҳажы шайыры» деп ат кешкен. Жәнe де үлкенинен кишисине шекем Әжинияздың атын, шығармаларын билмейтуғыны жоқ. Олар «Әжинияз шайыр деген қосықты қазақша да, қарақалпақша да айта беретуғын да, жаза беретуғында шайыр болған» деп мақтап отырады. Олар Әжиниязды көп қазақ ақынларын жеңген, қазақ даласында айтысты қыздырған шайыр болған деп тәриплейди. Әжинияздың Қыз Меңеш пенен айтысы ол жерде тап қарақалпақлардағыдан де бетер кең таралған екен. Бул жердеги еки адамнан биреўи Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтысын ядынан айтып береди. Ҳәттеки, гейпара қазақ жигитлери «Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтысы 1930-жылларда қазақстанда бир еки мәртебе әдебий топламларда басылып шықты, өзлеримиз оны оқып көрдик» деп тастыйықлайды. Қазақлар Әжиниязды билимдан алым адам, шайыр адам деп, қазақ ҳәм қарақалпақлардың, еки халықтың шайыры атанған деп ҳүрмет пенен тилге алады.[1] Жәнe де қазақ ақынлары Әжиниязды

---

[1] 1958-жылғы Өзбекстан Илимлер Академиясы, Қарақалпақстан комплексли илим-изертлеў институтының Қазақстан Түркменстан ҳәм Өзбекстан территорияларна шөлкемлестирилген экпедиция материалларын қараңыз.

устаз ақын, Әжинияз заманында сөздиң дүлдили атанған шайыр[2] -деп тастыйықлайды.

Сол себептен биз Әжинияз шайырдың өмири ҳәм әдебий, мәдений мийрасларын сонша изертлеген илимий мийнетлердиң барлығына қарамастан, XXI әсирдиң биринши шерегине келип отырсақта оған айрықша итибар менен қараўымызға туўра келип тур. Себеби, Әжинияз шайырдың өмирине ҳәм дөретиўшилик мийрасына байланыслы бар материаллар шынында толық мәнисинде жыйналмаған, және де Әжинияз шайыр мийрасы ылайық үйренилмеген. Ал, изертлеўшилерде тек жыйналған, бар материаллар тийкарында, дағазаланған, дағазаланбаған қол жазбалар негизинде ғана жумыс апарғанлығы көринип турады. Ҳақыйқаттанда ел ишинде, өзимиздиң Қарақалпақстанның өзинде-ақ экспедиция дәўирлеринде, илимий я жай жумыс бабындағы сапарларда болғанда да елдеги кексе ҳәм жас үлкен адамлар, жыраў-бақсылар, қыссаханлардың айтыўлары бойынша Әжинияз әпиўайы шайыр емес. Ҳәтте, елде оның өмири онша баҳаланбай киятыр деген де гәплерди айтады. Елден, халықтан еситкенлер бойынша оның оқымыслы алымлық эруўдициясы, шайыршылық диопозоны бойынша да, халықтың айтыўларына қарағанда Әжинияздың ҳәзирги өмирбаяны ҳеш қанаатландырмайды. Творчестволық хызметкердиң ҳақыйқаттан да оған тәсир етиўши жәмийетлик орталықтың қандай екенлигиниң мәнисин белгилеп алмаған шелли ондағы дөретиўшилик қүдиретлиликтиң көзин анықлай алмайсаң. Оның басқа еллерге саяхатындағы:

«Гездим ол ноғай, орысны, ҳәмдағы Қыпшақ, Естек,

…Ашшы ойыл, Кишик ойыл, Қобда Елек, гездим Жайық»[1] -деген қосық қатарларына қарап, ол ел гезип жүргенде бир орысты, бир ноғайды, я бир қазақ, қырғызды көрип жүр. Оған бул таңда емес. Шайырдың бул гәплеринде үлкен мәни бар. Биринши гезекте, ол Хорезм цивилизациясында оқып тәрбияланған адам, оқымыслы шайыр, алым. Ол басқа халықлар тарийхын

---

[2] А.Кәримов, Ә.Пахратдинов, С.Нийетуллаевалардың дала жазыўларын қараңыз. Қ.Жумажанов «Сейдели ақын». «Қарақалпақстан» Нөкис-2002-жыл. 10-бет.

[1] Әжинияз «Таңламалы шығармалары» Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1988-ж. 68-бет.

илим, пән, әдебиятын, мәдениятын, көркем өнерин билгиси келеди, үйрениў мәселелери менен қызығады. Оның түркий халықларды ҳәм басқада еллерди, халықларды аралаўы, оның дөретиўшилик мәдениятының раўажланыўына ҳәм байыўына тәсир ететуғынлығын шайырдың өзиде биледи. Сол себепли де, Әжинияз шайыр творчествосында өз заманласлары, оннан бурынғы ҳәм соңғы қарақалпақ шайырларында гезлеспейтуғын мәденият жүз береди. Шайыр араб, парсы, түркий тиллерде қосық жазады. Бул жағынан шайыр дөретпелери тек поэтикалық шеберликти, билимданлықты көрсетип ғана қоймастан, ишки мазмунлық жақтан туўысқанлық, дослық характер де ийелейди.

Бул миллий әдебият, мәдениятта үлкен қубылыс. Әжинияздың және бир басқа еллерге саяхатқа шығыўының объектив себеплери де бар еди: Оның өмириндеги бир тарийхый жағдай XIX әсирдиң орталарынан баслап Қарақалпақ халқының раўажланыўының үлкен бир дәўири яғный, ояныў дәўирлери басланады. Бурын қарақалпақлар тек раўажланған Орайлық Азия еллери менен ғана мәдений, экономикалық жақтан қатнасқан болса, енди бул әсирлерде оларға Россияға, оннан да узақ еллерге шығыўға мүмкиншиликлер туўылады. Өз гезегинде дүнья халықларында қарақалпақларға қызығыўшылығы артады. Усы дәўирлерде қарақалпақлардың Әжинияз усаған оқымыслы, илимли-адамлалары, байлары, сәўдегерлери Сибирьге, Уралға, Астараханға, Қазанға, Москеў-Мәкарьяға, Санк-Петербургке барып, оннан батыс Европа еллерин, халықларын көриўге, аралаўға мүмкиншилик алады. Қарақалпақлар бурын тек араб, парсы шығыс Қытай, Ҳиндистан мәдениятлары менен танысқан болса, енди Европа халықлары, Европа мәдениятлары менен танысыўға мүмкиншилик табады. Қарақалпақлардың енди дүнья жүзлик мәдениятқа қызығыўшылығы  артады. Олардың ояныў дәўирлери басланады.[1]

Соңғы дәўирде Әжинияз шайыр ҳаққында айырым адамлардың үй архивлеринде сақланып жүрген материалларда, шайырдың өмири ҳәм оның

---

[1] Қарақалпақстан АССР тарийхы. Еки томлық. 1-том. «Қарақалпақстан» Нөкис 1975-жыл.233-бет.

дөретиўшилик мәдениятына байланыслы қызық мағлыўматлар бар екенлигинде анықланып атыр. Мәселен: 1998-жылы февраль айында биология илимлериниң кандидаты Султамуратов Мәўленберген (Нөкис қаласы. Халқабад көшеси, №12 жайда жасайды) Әжинияз шайырдың баспада жәрияланбаған он алты қосығын, және де бурын еситилмеген шайырдың өмирбаяны ҳаққында көп материалларды топлаған. Ол бул материаллардың, көбисин Әжинияз шайырдың ағайинлеринен, және де басқа шайырды анық билетуғын адамлардан сорап жүрип жазып алған. Биз де бул материаллар менен қызығыўшы илимий, илимий-педагогикалық мәкемелерге, Әжинияз ҳаққында жаңа мағлыўматлар барлығы ҳаққында хатлар жаздық. М.Султамуратов жыйнаған материаллар Әжинияз шайыр өмири ҳәм дөретиўшилиги бойынша ғана емес, ал улыўма қарақалпақ әдебият тарийхы ушын да қунлы мағлыўматларға ийе. Себеби, бириншиден, М.Султамуратов алып келген мағлыўматлар Әжинияз шайыр дөретиўшилигин белгили дәрежеде толықтырады. Екиншиден, Әжинияз шайыр шығармалары кимлерден жазып алынғанлығы толығы менен қол жазба да көрсетилген. Онда мәлимлеме берген шахстың атлары, фамилиясы, жасы, урыўы барлығы мәлим. Үшиншиден, жыйнаған М.Султамуратовтың бул материалларға өз пикирлери де бар. Бирақ, бул қунлы мағлыўматлар ҳаққында бүгинги күнге шекем ҳеш жерде, ҳеш бир баспа сөзде жәрияланбады. М.Султамуратов жыйнаған материалларда: Әжинияз шайыр қазақ даласын аралап жүргенде, ол Қазан семинариясы директорының орынбасары, түркий тиллер бойынша материал жыйнаўға шыққан Ильменский менен, жәнеде «Русский Вестник» журналының хабаршысы, татар жигити, (онда бул жигиттиң аты белгисиз деп көрсетилген) сол жыллардағы пүткил қазақ даласына белгили дилмаш Сулайман, (қазақ даласында Султан депте аталған адам) менен де ушырасқан. Қарғыл таў бөлиминиң киши султаны Жанхожа менен де, Рус илимий география жәмийетиниң орынбасары Владимир Николаевич Плотниковлар менен ушырасады. Булар менен гүрриңлеседи. Көп мәселелер бойынша өз ара пикирлер алысады. Бул жолдаслардың кеңеси бойынша Әжинияз шайыр

Қазан университетиниң ректорының қабыллаўында да болады. Кейин Әжинияз Астрахан архивинде де илимий жумыс алып барады. Ал, проф.Ә.Пахратдинов мағлыўматлардың гейпараларын М.Султамуратовтың өзиниң келисими бойынша жана табылған мәлимлеме сыпатында Республикалық баспаларда жәриялады[1]. Бул материалдың баспада шығыўы биразларға әжайып қубылыста болды. Бирақ, бул мәселелердиң изи даўам етилмей қалды. Мәўленберген Султамуратовтың Әжинияз шайыр бойынша жыйнаған жаңа материалларында оның бурын жарық көрмеген, еситилмеген дөретпелери орын алған. Әсиресе, жүдә әҳмийетли шайыр мийрасына, өмир жолларына характерли шығармалары бар еди. Мысалы: «Керек», «Жантурин менен ушырасқандағы қосық», «Молла Хожбанның өтиниши бойынша жазылған қосық», «Көринди», «Келдим», шайырдың орыс, татарстан, башқурт еллерин аралағанда дөреткен қосықлары, «Дәриха қыз», «Үзилдик», «Елмурат ахунға», «Қырмызы», «Жол қысқартыў ушын қызларға айтып берген өлеңи», «Меңештиң Әжиниязды сағынып айтқан қосығы», «Сенде өтерсең» ҳәм т.б да қосықлары. Булардан басқа да елде Әжинияз шайыр өмирине, оның мәдений мийрасларына байланыслы гәп болғанда ол ҳаққында ҳәмме ўақытларда адамлардан әжайып мәлимлемелер жазып алынған. Бул Әжинияз шайырдың тек қарақалпақ халқында ғана емес, ал Хорезмде, улыўма түркий халықлар әлеминде, илим ҳәм шайыршылық майданында үлкен адам болып өткенлигинен хабар берип турыпты. Бул узақ әсирлерден созылған Әжинияз ҳаққында әнейи жанғырық емес. Мәселен, елде ҳәзирге шекем Әжинияз шайыр шығармаларының Қабулый баспада китап болып басылып шыққанлығын өз көзи менен көрген ҳәм оқыған адамлар бар.[1] (Әбдиләмит Пахратдинов. Тахтакөпир районының 7-Қара ой аўлылық кеңесинде «Өзбекстан» бөлиминде турады. Урыўы бессары. Урысқа қатнасқан, 1920-жылы туўылған, биринши топар урыс майыбы.) Ал, экспедиция дәўирлеринде филология илимлериниң кандидаты, доцент Әсен Әлимов та болса,

[1] «Устаз» газ. 1-июль 1999-жыл № 28-29 (53)

[1] 1957-жылгы Шымбай, Караөзек, Тахтакөпир районларының аймағында жүргизилиген экспедиция материалларынан.

Әжинияздың Қазан университетиниң профессорлығына сайланғаны ҳаққында елде бурынғы саўатлы адамлардың айтыўы бойынша жаздырған мағлыўматлары бар. Қазан университетинде Әжинияз көп жыллар араб, парсы ҳәм түрк тиллеринен сабақ берген деген мағлыўматларды да жазып алған.[2] (Әсен Әлимов. Филология илимлериниң кандидаты, Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты доценти 1934-жылы туўылған, хожа урыўынан, Нөкис қаласы, Крылов көшеси №14 үйде турады).

Әжинияз ҳақыйқаттан да орыс тилин, түрк тилин, араб, парсы тиллерин жақсы билген. Әсен Әлимов экспедиция дәўирлеринде және елден жазып алған мағлыўматларда Әжинияз Қазан университетине профессор етип қабыл етилген деген де мағлыўматты жазып алғаны ҳақыйқат. Биз неге елде бар бундай мағлыўматларға гуманланып қараймыз? Егер ол саяхатлары даўамында сол дәўирлердеги орыс, қазақ, ноғай, башкир еллериниң үлкен оқымыслы зыяллылары менен ушырасса, пикир алысса, олар да буның әжайып оқымыслы адам екенлигин билсе, әлбетте, сол дәўирдеги ең үлкен оқыў орынларының бири Қазан университетиниң профессорлығына жумысқа тартқан болыўы мүмкин. Өзбек алымы Фитират Санк-Петербург университетиниң профессоры лаўазымына усынылған. Беҳбудийди де турақлы ислеўге Кақыра университети профессор лаўазымына шақырған. Соның ушын бундай елде, халықта бар материалларға бәрҳа гуманланып қарай бериўге болмайды. Мумкин, бул ўақыялар Әжинияз шайыр өмиринде болған болыўы итимал. Буны биз де көзди жумып тастыйықлап отырғанымыз жоқ. Әлбетте, көп анықлаўды талап етеди. Және де экспедиция дәўирлеринде көп адамлардан «Әжинияз орыс патшалығының Орайлық Азиядағы белгили есаптағы адамларынан бири болған» деген гәплерди көп еситсекте: «Ҳәй, қайда?» деп итибарсызлықлар менен қарап келгенбиз. Рас. Әлбетте бул түсиникли де, ХХ әсирдеги коммунистлик жәмийетлик сиясаттың жаман ақыбетлери де сонда еди. Себеби, кеңес ҳүкиметиниң тусында «қарақалпақлар түркий халықлардың ишиндеги аз халық, бурын көшпели,

---

[2] Проф. Ә.Пахратдиновтың Ә.Әлимов пенен гүрриңлескендеги жазып алған материалларынан.

саўатсыз ҳәм мәдениятсыз болған. Буларда үлкен ел басқаратуғын адамлар, саўатлы илимли алымлар болмаған. Болыўы мүмкин де емес еди» деген таталаўлардың нәтийжесинде болып келген жаңылысықлар. Әжинияздай саўатлы, билимдан халық аралық тайыпада өмир сүрген адамлардың болыўы, бундай аз санлы халықлардан шығыўы мүмкин емес деген жәмийетлик пикирлердиң үстемлик етиўинен туўылған ойлар екенлиги көринип турыпты. Болмаса, әпиўайы бир ертек я әпсанаға сонша кеўил бөлинип, оны адамлардан қәдирлеп жазып алынып баспада дағазаланады. Ал, Әжинияздай уллы адамлардың тағдийирлерине гуман менен қарайды. Оның әжайып теңи-тайы жоқ гөззаллыққа ийе дөретиўшилик мийнетлерине де усындай позициядан турып қаралған ҳәм жалған илимий изертлеўлер пайда болған. Ғәрезсизлик дәўиримиз бизге усы ҳақыйқатлықларды жүзеге асырыўға, бүгин ол ҳаққында сөйлеўге, жазыўға, изертлеўге толық мүмкиншиликлер жаратты. Солай етип, Әжинияз шайырдың басқа халықларға болған саяхатлары, әпиўайы бир белгисиз жоқ болып кеткен адамды излеп сергизданлыққа гириптар болған адамның көриниси емес. Ал, ол уллы ислер, ел, халық мәнпәәтин гөзлеп илмий, әдебий, мәдений цивилизациялық мақсетте, саналы, үлкен жобалар менен, творчестволық саўатлы адамлардың узақ тағдийирлерди гөзлеп жасаған саяхатларынан ибарат бир тутас болған ўақыялар. Және де бундай саяхатлар Әжинияз шайыр тәрепинен бир сапар емес, бир нешше сапар болған. Бул ҳаққында шайырдың өзи шығармаларында да айтқан. Сол себепли шайыр дөретиўшилиги илимде еле үлкен изертлеўлерди талап етеди.

## ӘЖИНИЯЗ ШАЙЫР ДӨРЕТИЎШИЛИГИНИҢ ҚУРАМАЛЫ ҲӘМ ӘДЕБИЯТТАҒЫ ТИЙКАРҒЫ БАҒЫТЫ

Әжинияз шайыр дөретиўшилиги өзине шекемги әдебий ҳәм мәдений жолларды басып өткен, үлкен сынақларды бастан кеширген миллий мийрастың XIX әсирдеги нызамлы даўамшысы болып есапланады. Ол тек поэзиядан ибарат болды. Ол көркем сөз сыйқырын қудиретлиликлерин

миллий көркем әдебиятта, өз ана тилинде еркин қолланыў мүмкин екенлигин дәлиллеген инсан. Бул миллий әдебиятта шайыршылықта айрықша талантлылықты, және де билимданлықты талап ететуғын шайырлардың айрым категориядағы кәсип ийеси болған адамларының ғана қолынан келетуғын ҳәдийсе, әжайып қубылыс екенлигин көрсетти. Әсиресе, ол XIX әсирдеги миллий қарақалпақ көркем әдебиятында лирикалық шығармалардың шебери еди. Лириканы ол адам өмиринде, өмирдиң ҳәмме тәреплерин сүўретлеўге мүмкин екенлигин дәлилледи. Және де ол миллий лириканы түр ҳәм жанрлар бойынша раўажландырды ҳәм байытты. Шайыр дөретиўшилигин илимий жақтан изертлеген алымлар мәселен, Н.Дәўқараев, Ә,Пирназаров, А.Каримов, А.Муртазаевлар Әжинияз лирикаларын «Муҳаббат қосықлары», «Айрылық ҳәм ел журт ҳаққындағы қосықлары», «Хошласыў ҳәм сәлемнамалар», «Ақыл нәсият қосықлары», «Юмор-сатиралық қосықлары», «Поэмасы», «Айтыслары»-деп бөледи ҳәм белгилейди.[1]

Әжинияз шығармаларын ҳақыйқаттан да усында илимий көзқарастан қарап бөлиў жүдә дурыслыққа келеди. Лирика жанрының барлық мүмкиншиликлери менен жәмийетлик өмирдиң ҳәр қыйлы ситуацияларын дурыс, көркем сөз шебери тереӊ ойшыл қатарлар менен анық дурыс жырлаўы арқалы, ол өз заманының адамларының кеўил күйлеринде миллий қосық болып жасап қалған, Әжинияздың өзиниӊ қол жазбалары толық табылған жоқ. Бирақ шайырдың есапсыз сансыз қол жазбалары болғанлығы мәлим. Буның жоқ болыўына, әлбетте, тоталитарлық жәмийет айыплы. Себеби қанша араб әлипбесинде жазылған қол жазбалар мийрасқа айланбай, аяўсыз репрессия болды.[2] Бирақ уллы шайырдың халық кеўлине уялап қалған, халықтың, елдиӊ руўхый өмирлерине сиӊип кеткен шығармаларын биротала жоқ ете алмады. Бул халық өмирине өшпестей болып жазылып қалған әжайып лирикаларды керек деген ўақытларында талап еткен адамларына өз

---

1. Әжинияз. Зийўар. Таңламалы шығармалары. «Қарақалпақстан» Нөкис-1988-жыл. 150-152-бетлер.

[2] «Қарақалпақстанның жаңа тарийхы. Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем». «Қарақалпақстан» Нөкис- 2003-жыл 5-бет.

жүрегинен суўырып алып берди. Қарақалпақ халқы, Әжинияз лирикаларынан ҳәмме тарийхый жағдайларда да, адамзатқа кереклигин оннан руўхый азық алатуғынлығына гуманланбайтуғын еди. Биразлар бурын Әжинияз дөретпелери аз, ол бул турысында үлкен изертлеўлерди көтермейди деп келди. Бул пикирлерге бизиң қосылғымыз келмейди. Себеби, Әжинияз шығармалары бүгинги күнимизде де, өткен дәўирлерде де жеткиликли дәрежеде болды ҳәм болыпта келеди. Ол миллий қарақалпақ әдебиятынан, мәдeният тарийхынан өз заманларында да, тоталитарлық зулымлық дәўирлеринде де, бүгинги бизиң еркин ғәрезсизлик дәўирлеримизде де белгили дәрежеде нызамлы рәўиште орын ийелеп киятыр.

Муҳаммад Аўпий (1176-1242) Бухарада туўылып тәлим алған дүньяның көп еллеринде болып Ҳиндистанда дүньядан өткен. 1233-жылда жазылып питкерилген «Жовомеъ ул-ҳикоёт ва  лавомсь ур-ривоёт» («Гүрриңлер топламы ҳәм рәўиятлар зыясы») китабында 2000 нан артық ҳикаятлар ҳәм рәўиятлар орын алған болып, 25 баптан ибарат. Аўпийдиң бул мийнетинде Абу Райхан Берунийдиң «Осор ул-бақия», «Китоб ул-Ҳинд» шығармасы Аднам Сурхакатийдиң «Тарийхы Түркистан», Тарийхшы Абу Жаъфар Табарийдиң (838-923) «Тарики табари», Низам ул Мулктиң (1018-1092) «Сиясатнама», Кайкаўыстың «Қабуснама» ҳәм басқада шығармаларға силтеме көрсетип олар туўаралы мағлыўматлар берип барды. Алымның қол жазбалары бүгинги күнде дүньяның көп китапханаларынан  орын алған. Мине усы китаптағы: Әнушерўан- (Хусраў -1) әдалатлы шахс сыпатында даңқ таратқан шахс туўаралы рәўияты менен Әжинияз шайырдың пикирлериниң бир мақсетте екенлиги бизди тағыда тереңирек ойлаўға шақырады. Рәўиятта:- Анушерўан бир күни шикарға шығып саҳраны айланып жүрген екен, ғөза ағашышың нәлин егип атырған бир ғаррыны көрип қалыпты.

-Ҳәй жасуллы, не ислеп атырсыз, -деп сорапты Анушерўан.

-Қудайым патшаға узақ өмир берсин, ғоза егип атырман депти.

-Сен қартайған бир ғарры болсаң, бул нал қәшан нәрўан болып, қәшан ҳасыл береди? –депти.

-Басқалар екти, биз жедик, биз егемиз, басқалар жейди,- депти ғарры.

Анушерўан бул сөзге ҳайран болып: «Зеҳ»-депти. (Егер Анушерўанға бир нәрсе унап қалса: «Зеҳ» - яғный бәракалла дейди екен. Сонда ол адамға қазнадан 400 дирҳам пул береди екен).

Анушерўан ғаррының сөзин еситип: «Зеҳ» -деген екен оған 400 дирҳам берипти.

-Ҳеш кимниң дарағы мен екендей тез ҳасыл бермеген,-депти ғарры. Анушерўан тағы «Зеҳ»- депти. Жәнe ғаррыға сонша саўға инам етипти.

-Патшаның нәзери түскени ушында бул нәл бир жылда еки марте ҳасыл берди десе, Анушерўан тағы «Зеҳ» -депти. Солай етип үшинши мәрте 400 дирҳам ғаррыға саўға берилипти. «Жылында мийўелеп үш мәрте пискен, Аты сүтилмектей жемисим барды»-деген Әжинияздың тәрийпиниң мәниси ҳәм мине усы рәўият пенен сабақлас екенлигине биз исенемиз.

XIX әсирде жасап әжайып творчестволық мийнет еткен Әжинияз шайыр Қосыбай улының барлық өмири ҳәм мәдений мийрасы халық ҳәм Ўатанға, әсиресе, ҳәмме инсаниятқа олардың руўхый өмирлерине хызмет қылыўдың үлкен бир мысалы болды. Шайырдың әдебияттағы үлкен хызмети миллий қарақалпақ әдебий тилиниң ҳәр тәреплеме раўажланыўына ҳәм байыўына, оның барлық мүмкиншиликлерин лирикада шебер көрсетеди ҳәм пайдаланады. Қарақалпақ әдебий тилиниң туркий тиллердиң ҳеш қайсысынан кем тил емес екенлигин дәлилледи. Бул тилде илим, пән, тарийх, мәдениат ҳәм әдебияттың турли-түрли мумкиншиликлерин сөз зергерлери керегинше пайдаланыўы мүмкин екенликлерин көрсетти. Қарақалпақ тили бай тил, көркем тиллер қатарына киретуғынлығын дәлиллеген бүлбилзибан, уллы данышпан ҳәм көреген шайыр Әжинияз Қосыбай улы мийрасы ел-халық ийгилигине ҳәр сапарғыдай хызмет ете береди.

МАЗМУНЫ


1. Кирисиў..……………………………………………..………..….3

2. Әжинияз шайырдың өмири ҳәм әдебий мийрасының миллий әдебияттағы тутқан орны ………………………..……….………..4-10

3. XX әсирдеги Әжинияз шайыр дөретиўшилигин үйрениў ҳәм изертлениў мәселелери ………………………..…….….……...11-19

4. Әжинияз шайырдың өмири ҳәм жәмийетлик әдебий, мәдений орталығы….……………………………..……….………..…19-25

5. Әжиниязды Хийўада оқыған жыллары……………….……. .......25-29

6. Әжиниязды Хийўа медресесин питкерип келгеннен кейинги жыллары…………………………………………………......29-36

7. Әжинияз шайырдың басқа еллерге саяхаты…….……..……..…...36-49

8. Әжинияз шайыр творчествосының қурамалы ҳәм әдебияттағы тийкарғы бағыты….……………….……………………………...49-52

Әбдисайыт Пахратдинов

Кеңесбай Алламбергенов

Шарапатдин Аяпов

# Б Ү Л Б И Л З И Б А Н
# У Л Л Ы  Ш А Й Ы Р

(«Әжиниязтаныў» арнаўлы курсы
бойынша методикалық қоллланба)

Қарақалпақ тилинде

НМПИ киши баспаханасы Нөкис: – 2013

**Редактор:** ф.и.к,. доц. М. Бекбергенова

**Компьютерде баспаға таярлаған:** З. Жуманов

**Толыбай Қабулов**
**Қарақалпақстан халық шайыры**

## ӘЖИНИЯЗДЫҢ ЕСТЕЛИГИНЕ

Ғәрезсизлик, Мустахиллик хош келип,
Журт басшымыз жигер берип, йош берип,
Әжинияз шайырға шәҳәр Нөкисте,
Орнатылды бир әжайып естелик.

Бул естелик-сулыўлықтың символы,
Ўәлийханов айтқан «дала бүлбили».
Муқаддес зор ядгарлық етип тур,
Зийўардағы шийрин зибан-тил буны.

Бул естелик-гөззалықтың нышаны,
«Бозатаўлы нәзәлим»ниң қушағы,
«Бул дүньяның көрки-адам баласы»,
Деген даналықтың тақыйық мысалы.

Бул естелик-еркинликтиң мийўасы,
Сулыў сөз мүлкиниң-шәҳәр Хийўасы,
Оны елтип барар елден-еллерге,
Әжинияз шайырдың руўхый дүньясы.

Бул естелик-уллылықтың ураны,
Туўрылықтың жолын жақын қылады,
Ол пүткил дүньяға дәдимал айтып,
Қосықтың күшине табындырады.

Бул естелик-елимиздиң келбети,
Даналықтың, дилўарлықтың дәрбенти,
Усы жерден старт алып сулыўлық,
Келешектиң көрки болар ертеңги.

Бул естелик- халыққа хызмет қылады,
Ғамгүн кеўиллерди йошландырады.
Молла Зийўар өскен муқаддес замин,
Дүнья қанша турса сонша турады.